ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№110 (21.268) ● 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Тэзыр зытралъхьахэм ящыгъэпсынщІэным пыщІа Іуэхуэхмкі э комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэм хэтхэм ящыщхэр зэхъуэкІыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Тэзыр зытралъхьахэм ящыгъэпсынщІэным пыщІа Іуэхуэхмкі э комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэм икІи «Тэзыр зытралъхьахэм ящыгъэпсынщІэным пыщІа Іуэхуэхмкі э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ комиссэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2002 гъэм мазаем и 11-м къыдигъэкІа Указ №111-мкІэ кьищтам мы къыкІэлыкІэу зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлыкІуэхэр:

Абдулаев М. К. - зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ кІэ З эщІэуэзда кІаурхэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и унафэщІыр *(эзэгурыІуаущ)*

Айдаболов З. И. - уэчылхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ коллегием и президиумым и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчылхэм я палатэм и вице-президентыр *(эзэгурыІуаущ)*

ГъэкІэщІокъуэ М. Хь. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхь Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалыр щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал ездахІэм и юридическэ факультетым и деканыр *(эзэгурыІуаущ)*

Дзуцевкъ В. Г. - «Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыІэныгъэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІыр *(эзэгурыІуаущ)*

Смирновы Т. И. - Налшык къалэм дут «Гимназие №29» муниципальнэ еджапІэм и унафэщІыр *(эзэгурыІуаущ)*;

б) Комиссэм къыхэзыкІыжьи Булатов А. Хь., Бутеруе Р. Э., Евтушенко С. В., Зумакуловэ А. М., Улаков М. З. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 29-м
№65-УП

«2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъярычэт Іуэху мыинымрэ хъярычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэжьыныр, ахэр щыдэІыгъыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщІа зэрыхъум и Іуэхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Правительствэм хуэхаха сыхьэтым хиубыдэу «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъярычэт Іуэху мыинымрэ хъярычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэжьыныр, ахэр щыдэІыгъыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщІа зэрыхъум и Іуэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков А.Т. ищІа докладым едэІуауэ икІи абы тепсэльыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъярычэт Іуэху мыинымрэ хъярычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэжьыныр, ахэр щыдэІыгъыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщІа зэрыхъум и Іуэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и отчетыр къэлытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъярычэт Іуэху мыинымрэ хъярычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэжьыныкІэ, ахэр щыдэІыгъыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм дэжьыгъэ тэмэм зэрыригъэкІуэкІыр къэгъэльэгъуэн.

3. Къалэ округэхэмэ муниципальнэ районхэмэ я администрацэхэм чэнджэщ етын «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубатор» къэрал Іуэхуэ ЦІэнІэм и дэжьэкІэ кІаугъэсэбэпу, апхуэдэ бизнес-инкубаторхэр къызэІухыным хуэзэгъэ зэфІагъэкІыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1432-ІІ-ПП

Республикэм щыяпэу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и спорт тхьадэм щыяпэу Къэрэшей-Шэрджэсым и спортсменищ Олимп Джэгуэкъм хэтыныр. Апхуэдэ щыхьэ-ягъэтаг дзюдоистхэу КІыщмахуэ Руслан рэ Башкаев Албэчэрэ, бэнэкІэ хуитымкІэ – Темрезов Наурыз сымэ.***

КІЫЩМАХУЭ Руслан рэ Башкаев Албэчэрэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту бэнэнчэ, Темрезов Наурыз - Азербайджаным и лыкІуэу.

УФ-м и тренерхэм къызэралытэмкІэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и дежкІэ ехъулІэныгъэшхэу щыналъэм и спортсменитІ къэралым и командэм зэрыхэхуар. Сыту жыІэмэ, Олимп Джэгуэкъм кІуэн папщІэ зэныкъуэкъур куэдщ.

Абы и щыхьэтщ Темрезов Наурыз. Псалъэм папщІэ, УФ-м и командэ къыхэхам увыпІэ щимыгъуэту, Азербайджаным и ныпым щІэувэн хуей хъущ ар.

Дауэ хъуми, зэрыгурыІуэгъуэщи, республикэр зэхуэдэу дэщІынущ я спортсменхэр щыбанэ къэралхэм я командэхэм.

Зэхуэсышхуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Президент ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий щыпІэ Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щаІуащІ щыналъэм и творческэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІэхэмрэ щІэныгъэ интеллигенцэмрэ.***

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ федерал инспектор нэхъыщхьэу щыналъэм щыІэ Лъэужь Іэдэм, республикэм и Правительствэм и Унафэщі КІуумпІанэ Мурат, Хасэм и Советымкъэ и тхьэмадэ Иванов Анатолий, правительствэм щыщхэр, депутатхэр, нэгъэущІхэри.

Адыгейм и Президентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм къызэритамкІэ, зэхуэсым щытепсэльыхьащ республикэм и гъэзэщІакІуэ властымрэ щІыпІэ интеллигенцэмрэ зэрызэдэлэжьэн хуей щыкІэм. «Дызэхуэмызэу хъунутэкъым, сыту жыІэмэ, республикэм и властымрэ щІыпІэм щыпсэурэ щІыпІэ зыужьыныгъэм ІэпыкІуфын, зыкъызэрыфщІигъэкъуэн хуей Іуэхугъэхэр дубзыхун хуейт», - жиІащ Тхьэкіушынэм.

Творческэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІэхэмрэ щІэныгъэ интеллигенцэмрэ зэІущІэм къыщІэлъэгъуащ я къэхъуэнгъэ дагъуэншэу къызэрагъэпэщын щхьэкІэ зыхуэныкъуэхэр, гукъэдэуэхэр. Адыгейм и Президентым, хьэшІэхэм гупсэхуу едэІуа нэужь, къыгъэзагъащ. ахэр зыгъэпытІейтей Іуэхугъуэхэр зэрыхъукІэ зэман кІэщІым зэфІихыну. ИкІи Правительствэм щыщу абы кьурихьэлІахэр кІыхуриджащ Іуэхум икІэщІыпІэкІэ яужь ихьэну.

ЕджапІэщІэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Очамчыр районым щауэхунэр иджыпей зэманым къытІасэ интернат-еджапІэ. Абы теухуа зэІущІэ щІыпІэ правительствэм иджыблагъэ щекІуэкІащ.***

ПРЕЗИДЕНТЫМ и пресс-Іуэхущ Іапі эм къызэритамкІэ, Очамчыр щауэхунэ интернат-еджапІэм и проектыр кІащтащ, абы къедзылІа щІыр щызэрауэхурейхьыну щыкІэхэр зэхагъэкІащ, кІащ эуэну Іэмэпсымэхэр, оборудованэхэр яубзыхуащ. ЕджапІэм актовэ зал, спорт площадкэ, джэгуПІэ зэмылІэужьыгъуэхэр хэтынущ.

Хуэныгъэм щІадзэнущ еджапІэм къызэрыщІэкІ экзаменхэр зэрызэфІэкІыну.

ХЬэщІыкЪУЕЙ Олег.

■ Зэіущіэ щхьэпэ ■ Лъэпкъ Іуэху
КЪЭРЭШЕЙ
■ Спорт Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Я узыншагъэр Іейкъым

Абакан щыщ сабийхэм интернирыгъ узыфэр къызэреуэлІам кьыхэІыу, Урысейм и санитар доХутыр иухъыщхъэ Ошищевкъ Геннадий Хакасеим кІуащ.

Ипэ ирагъ жэщ-махуэм кьурыбыдэу аргуфэу ныбжьыщІи 6 сымаджэщым ягъэтгъуэлъащ. Абыхъм я узыншагъэр Іейкъым.

МЧС-м къызэритамкІэ, накьыгъэм и 26 лъандэрэ сабий 37-рэ сымаджэщхэм ягъэтгъуэлъащ, тІур щхьагъуэлъакъым. Ахэр псори Абакан дэт «ПІсей цІыкІу» гъэсапІэм щыщхэ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 7, щэбэт

◆ Илъэси 100 и пэкІэ (1908) Санкт-Петербург дэт Дэ-медицинэ академием и гупэм щагъуэващ урыс лохутыр Боткин С. П. и фоепль (1832 - 1889).

◆ Мэкъуауэгъуэм и 7 - 8-хэм Аомори (Японие) щекІуэкІынущ «Гупи-ВІ»-м хьыхь къэралхэм энергетикэмкІэ я министрхэм я зэІущІэ.

◆ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1933) кьалъхуащ урыс тхакІуэ-сатирик, драматург **Арканов Аркадий** (ШтейнбокІ).

◆ Илъэси 180-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урыс юрист, тхыдэтх, философ, къэрал хабзэхэм я доктор, Мэзкъу кьалэм щІыхь зиІэ и цІыху (1833) **Чичерин Борис** (1828 - 1904).

◆ Илъэси 160-рэ и пэкІэ дунейм ехьажащ урыс литературэ критик, философ, публицист **Белинский Виссарион** (1811 - 1848).

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 24-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 49-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъущ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 25-рэ.

Мэкъуауэгъуэм и 8, тхьэмахуэ

◆ Хым и дунейпсо махуэщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейр хьэмэным теухуауэ 1992 гъэм Рио-де-Жанейро щІэхъаращ. Дунейпсо саммитымрэ апхуэдэ зэІущІэу Йоханнесбург щекІуэкІамрэ (2003) хэтахэм я жэрдэмкІэ я ягъэлъапІэ.

◆ Социальнэ лэжьакІуэм и махуэщ. 2000 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ.

◆ Илъэс 70 и пэкІэ (1938) кьалъхуащ урыс еджагъэшхуэ-физик, РАН-м и член-корреспондент, СССР-м и Къэрал саугъэтымрэ и лауреат (1976) **Афанасьев Александр.**

◆ Илъэс 60 и пэкІэ (1948) кьалъхуащ урыс уэрэджЫакІуэ, Москонштерым и солистэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артистэ **Улетов Галиф.**

◆ 1920 гъэм кьалъхуащ Совет Союзым щынёрэ и ЛІыхъужь Кожедуб Иван. 1991 гъэм дунейм ехьажащ.

◆ Радиожурналист, Урысей арбитаджм и лауреат **Махуэлі Хьаджэт** кьыщалъхуа махуэщ.

◆ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1943) Налшык щекІуэкІащ республикэм и интеллигенцэм фашистхэм я бийуэ кьызэрагъэпэща пэкІу.

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 24-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 49-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 25-рэ.

Мэкъуауэгъуэм и 9, блыщхьэ

◆ Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и пащтыхь Абдалла II и кІуалыкъуэм щыпэрыхьа махуэщ (1999).

◆ Мэкъуауэгъуэм и 9 - 13-хэм Рим (Италие) щекІуэкІащ.

Дунейпсо ерыскъыпхъэ программэм и Гъэзэщакіуэ советым и сессие.

◆ 1672 гъэм кьалъхуащ урыс пащтыхь Петр Іэнэр. 1725 гъэм дунейм ехьажащ.

◆ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1933) кьалъхуащ урыс еджагъэшхуэ-радиофизик, РАН-м и академик, Лениным и саугъэтымрэ и лауреат (1988) **Таланов Владимир.**

◆ Илъэс 40 и пэкІэ (1903 - 1968) дунейм ехьажащ совет композитор, РСФСР-м и цІыхьэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1949) **Милютин Юрий.**

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 24-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 50-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 26-рэ.

ПІалІэуэр зыгъэхьэзырар ХЬэЖЫКЪАРЭ Аслан.

Дэтхэнэ къулыкъущІэми къыкІэлъэмыкІуэхьын папщІэ

Республикэм и унафэщІэм кьалытащ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуэхэм яхуэщІэным и лъэныкъуэкІэ кьалэн куэд зыгъэзащІэ центр КЪБР-м кьыщызэгъэпэщыпхъэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокьуэ Арсен абы теухуауэ кьыдигъэкІа Указым кьыщыгъэлъэгъуащ мы Іуэхущ Іапі эр 2006 - 2010 гъэхэм Урысей Федерацэм административнэ реформэ щегъэжьуэ кІыныкІэ Концепцэм кьигъэув лъэныкъэхэр зэфІэгъэкІын мурадкІэ кьыдэзрызэрагъэпэщыр.

КЪАЛЭН куэд зыгъэзащІэ центрым щыхуэхэм, юридическэ ІэнатІэхэм документхэр зэпыІэхэнущ, ахэр щатхынущ икІи абыхэм япкъ иткІэ зыхуэфащэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІагъэкІынущ. ІэнатІэщІэм кьеКІуалІэ дэтхэнэми гъэІущІ лей зэпимычу, дэтхэнэ къулыкъущІэми кьыкІэлъымыкІухьу, емыубзэу зыхуэфащэ документхэр зэман кІэщІым кьыІэрыхьэнущ.

Административнэ реформэмкІэ комиссэм и зэІущІэм кьыщыщпсальэм, республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий жиІащ кьэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынным япэм ихуэ иту трагъэкІуадзэу щІта мазэ 3-м и пІэмдэ центрым я псори махуэ 15-м кьурибыдзэу зэрыщыщэфІынкІэр. Мыбы кьекІуэлІэнухэм я Іуэхуэр нэхъ тынш кьищІынущ ахэр телефонкІэ псальэу зрагъэтх зэрыхьынум. Ящ Лъхьэнэмрэкьурибыдзэу центрым къэрал Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэу 10 хуэдиз зэфІихыгъэкІынущ. Абыхэм ящыщщ щІыр кьзгъэсэбэпэным, мыкІуэр приватизацэ щІынным, ямыгъэІэпэхъуэ мылъкур зэблэгъэкІынным пыщІа Іуэхуэхэр тхьынир, фадэхэкІэр розницэ сатум щащэну, гъущІкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьащІэхуну, абы ельэкынну, ящхьэнну хуит зэрращ лицензэхэр тынир. Адэкіэ центрым зэфІигъэкІэрат, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр 110-м нагъэсынущ.

Указым ипкъ иткІэ, Правительствэм хуагъэуващ мазищ пІалъэм кьурибыдзэу центрым теухуа положенэр, абы зэфІигъэкІ кьэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я реестрыр, а Іуэхутхьэбзэхэр гъэзэщІынным теухуа административнэ регламентхэр кьищтэну, апхуэдэу гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм, республикэм и кьэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, КЪБР-м и щІыпІэ самоуправлением и органхэм кьэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр дэгъэкІынным теухуауэ центрым иращьІлІэ зэгурыІуэныгъэхэм я проектхэр гъэхьэзырырыр кьызэрригъэпэщыну.

КьалэН куэд зыгъэзащІэ центрыр кьызэрагъэпэщыну республикэ бюджетым и ахьшэкІэ, апхуэдэу бюджетым щымыщ хэкІыпІэхэри кьагъэсэбэпурэ. Цыхьухэмэ организацэхэмрэ кьэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзащІэ мыпхуэдэ Іуэхущ Іапі эр езыхэм я деж кьыщІэзрагъэпэщыну щІыпІэ самоуправлением и органхэм чэнджэщ ираташ.

ХЬэПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

МэкъумэшыщІэ

Джылахъэтэнэм хьыхь Терекэкэ жыдагъуэм щагъэтъэпІащ Социалист Іэмакъуэм и ЛІыхъужь. Октябрь революцэ. Ленин орденхэр Іэтунейрэзыхуагъэфэщащэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и механизатор Лаша Хьэмытіэ и ныбжьыщ итъэ 70 зэрырикъуар.

ЗИ ЛЭЖЬЫГЪэ гъуэгуанэр кІуэдым гъуазэ яхуэхъуа мэкъумэшыщІэ щІрыІуэм и щІыхькІэ кьуажэ администрацэм кьызэрагъэпэща пшыхьым хэтащ, жылэм и унафэщІэр, зыщІэм пщІэ зыхуаІэ нэхъыжьхэр, ХьэмытІэ ильэс куэдкІэ кьыдэзэжьащэр. Гуфгъуэ гъэмыгъэмкІэ теухуа псалъэ ныгъэр ешІ имыщІэу къэгъуэгурыкІуэ дадэ Іуфмахуэм теухуауэ кьуажэдэсхэм ягу кьагъэкІыжьынрэ зыщтепсэльыхьынрэ я гъунэжт. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и хэхьэгъунтІым я депутату щыта Дадэм хуэзэфІкІыкІыр зы щІы гектарым нартыхуэу центнери 100 кьыштрихьин. А бжьыгъэм нэхъ ноби кьэгъуэтыгъуэкІыщ. Гъавэ гъэжІным елэжь Урысей щІэныгъэлІэхэр чэнджэщкІэу къыхуэхьэкІуэрт абы. «Куейм паркхэм, псым, я ягу зищІыжьынкІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм яІэнущ. Ныбжьыщхэм ядэлтхьэнущ ІэнатІэдзэ кІасхэм ямызакъуэкІэ, гъэжьхуэ, социологхэр, психологхэр.

Школ лагерхэм дэщІыгъуэу мыгувэу къызэІуахынущ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІкІуэну санаторхэр, курортхэр. Абыхэм ныбжьыщІэхэм щеІэзэнущ дохутыр ІэкІуэлъакІуэхэр. ЦІыкІуэм я ныпкъгъэнщагъэр къызэрагъэпэщынущ зы лэжьакъуэ ІуэхущІэ къэсе епха хабзэхъуэм дэжьакІуэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ЩэджэмкІуей

ФейдэкІэ щогугъ

ЩэджэмЕтІуанэ кьуажэм щыщэхэт мэкъумэшыщ хозяйствэм иІэщ жыг хадзу гектари 138-рэ. Ар нобэ республикэм и адрей жылэхэм щыхасэ жыг пъэпкъыщІэхэм ящыщкъым, атІэ ди щІыпІэм куэд лъандэрэ щагъэкІ мыІэрысей пІэужьыгъуэхэрщ: «Жыдорэ», «Банан», «Гольден Делишес», «Семиренко». Жыг хадзхэр зезыхьэ бджэндырылажьэхэм ди цІыхур зэса пхъащхьэмыщкъэ ПІэужьыгъуэхэр яхъумэныр нэхъ игъуэу, узыншагъэмкІи нэхъыфІу къальытэ.

Жыгхэр егугъуу зезыхьэхэм я лэжьыгъэр псыхэкІэдэ хуэкъабым - «нэр пІэпех» ямыщкъэ Іэужьыгъуэхэр пхъащхьэмыщкъэр куэду пытщ.

Дунейм и къэхъукъащІэр зэран къыхуэмыкъуэмэ, ШэджэмЕтІуанэм мэ зэманым щыщІэдзауэ Іэужьыгъуэхэмыщкъэ бзэв иІэнущ. Апхуэдэу мы ильэсым щыщ Іэужьыгъуэхэм щІэлъэгъуащ щІэмэкІуэр гектариш ягъуэ хасати, ЯкуфэгъэщІ. Абы къыхэхъукІыр къыщІэч, фейдэ хъарзынэ къаригъуэ ящэф.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

Хасэм фрегъэблагъэ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм иджыблагъэ къыщІэ унафэм игъэбелджылащ хасащхьэм хэтхэр щІыхуэм щагъуІущІэну зэманыр.

ХАСЭМ и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэдэр абы и къуэдзэхэу ЩоджэкІ Риммэрэ Тхьэмокъуэ Барослбийрэ Іуэхукіэ захуэзвгъэзэну фыхуеймэ, а жылагъэ зэгухьэныгъэм и хуэзІапІэр мыращ: **Напшык къалэ, Ленициым и щІэкІэ щыІэ ЗурАм, 5, ящэнэ къат.**

ЦІыхуэхэр щрагъэблагъэну зэманыр.

Блыщхьэ, бзэрэжьей, мэрем махуэхэм - сыхьэти 10-м къыщыщІэдзауэ 13 хуэку, **гъубжымрэ махуэхэм** - сыхьэти 10-м къыщыщІэдзауэ 12 хуэку, **щэбэтым** - сыхьэт 12-м къыщыщІэдзауэ 17 хуэку.

● Лъэпкъ Іуэху

НАРТ телевиденэр утыку йохьэ

Куэд щІауэ дызыщІэхъуэпсэ ІуэхугъуэфІ кьыдэхьулІэу хуэжьащ - дуней псом щызэпсыгъуэ адыгэхэр зэпэгъунэгъу зыщыбыдыну щІыпІэхэм телевиденэ утыку кьихьащ.

НАРТ (National Adiga Radio Television, - Адыгэ Іыпкъ Радиорэ Телевиденэрэ) адыгэ спутник телевиденэм и нэтынхэм щІидзащ. Ар зи фІыщІэр Нэгъуэй Нарт зи пашэ, Иорданым щыпсэу ди лъэпкъэгъу щІалэгъуалэ гупырщ. Ахэр спутник телевиденэм хуеджащ икІи я щІэныгъэр кьызыхэкІа лъэпкъым зэрыхуагъэщхьэпэным хущІокъу.

НАРТ-р кьызэзыгъэпэщахэм я мурадщ адэжь Хэкум, ди тхыдэм, зи чэзу лъэпкъ Іуэхухэм ятеухуа нэтынхэр, хьыбарыщІэхэр зэгъэхьэзырыну. Пэжщ, телевиденэщІэм иджыпстукІэ «закъригъэщІыхуу» аращ икІи ахэр зэрыплъэжьэн хуейм теухуауэ ирагъэжьауэ щІэупщІэныгъэхэмрэ лъэпкъ макъамэ нэтынхэмрэ фІэкІа зэкІэ кьигъэльагъуэркъым.

Апхуэдэу щытми, ар адыгэхэм я дежкІэ мыхьэнэщхуэ дыдэ зиІэ Іуэхугъуэщ. Сыту жыІэмэ дунейм и дэнэ щыпІэ щыІэми ди лъэпкъэгъуэхэр НАРТ-м и нэтынхэм жэщи махуи епльыфынущ икІи дызэрыубыдыжьынкІэ, ди гупсысэхэр зэтехуэжьынмкІэ, зым дыхуэлэжьэнымкІэ сэбэп ин кьиныкьфынущ.

Иджыблагъэ ирагъэкІуэкІа кьыхуэтхьэкъэм кьызэрагъэльэгъуауэмкІэ, адыгэ спутник телевиденэр Урысей Федерацэм и Ипщэ лъэныкъэм, Кавказым, Тырку м, Кьуэйкьпі э Іыпкъэм кьищІынэмыщІауэ, Америкэмэ, Австралиемэ, нэгъуэщІ щІыпІэ куэдми яльоІэс. Ауэ абы щхьэкІэ «Sureal» спутник «тепщэныр» гъэувын хуейщ. Гуапэщ «Зодиак» компаниемкІэ кабель телевиденэмкІэ ар налшыкъэсхэм зэрарифІэльагъур.

НАРТ телевиденэмкІэ дунейпсо утыку итхьэфынущ адыгэм ди тхыдэр, щэнхабзэр, зэхэтыкІэфІыр, нобэ дИэ ехьулІэныгъэхэр. ИкІи абы кьыхэкІыу Иорданым щыпсэу щІалэгъуалэм ирагъэжьэжьа ІуэхугъуэфІыр сыт и лъэныкъуэкІи дэІыгъыпхъэщ, Кьапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым я къэрал телевиденэхэм адыгэхэм ятеухуауэ щагъэхьэзыра нэтынхэр абы кьинагъэльагъуэ хъунущ. Шэч щІальэм ахэр ягъэгъэщІэн хуейщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Къэжал зауэ-300

ЗэхэгъэкIыныгъэшхуэ

Куэд топсэлъыхь ильэс 300 и пэкIэ Къэжал и цыхуэм щенIуэкIа зауэм, абы и Iэужьхъэм, лIыгъэ щызезыхьа ди хэкуэгъуэхэм. Сэрэ сыхуейщ а Iуэ хуэхэм теухуауэ ди гупсысхэр къэгъэIуэтэну.

ЯПЭРАУЭ, щыгъуазэ фыхуэсщIынщ Къэрмыкъ щыпсэуа тэтэрхэр къыщIыттеуам и щхьэусыгъуэхэм. Ахэр зыхуэкIуэжьщ мыращ: псэ зыпыт псори зоныскъуэкIу, я сэбэп зыхэлъхьэ щIэжькIуэ. Нэхъ лъэщыр токIуэ, къаруушэр хагъащIэ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, ардыдэр яхуэжьпIэ хьунщ щыхьмэ. Ауэ абыхьм я гъащIэр я хьыфI ящынпащIэ къыгъэсэбэпыф Iэмалу куэд дыдэ: кIэру зэрахэтыр,

зэуэнымэ зэрыхуэIэхэр, хуей хьунэ, я гъунэгъуэхэм нанкIэу зэрадэпсэуфыр, зэкIуэзвэгъуэ, бий бзаджэм хэм зэрапэуфыкIыр.

А Iуэгъуэхэм фIыуэ егупсысу щытатэжнущ епщыкIущанэ-епщыкIупIанэ лъэщIыгъуэхэм псэуа щIыхь Iущ, усакIуэшхуэ Данте Алигьери. Арацу Европэм и гъэщIэгъуэхэм ящыщ

ятэ дыдэу жьыбIар лъэпкъэр зэкIуэувэн, къэрал кIагъэхъуу, зэгурыIуэ-зэдзIуэжу зэдапсэн зэрыхуейр.

Апхуэдэу Iуэхуэм зэрепльыр адыгэпщ псоми я пашэу щыта Инал Нэ ху. Абы хуэзфIэкIауэ щытащ адыгэ лIакъуэ хэр зэрищэIэнныр, зэгурыIуэ Iуэныр, зы унафэм щIэту зэдапсэныр кьыдзэригъэпэщыныр.

Инал Нэху щIэрыIуэ щыхъуат и пьаохэгъуэм я дежь. Абы и жьIэм къедаIуэрт адыгэ псори. И пщIэр, и нэмысыр инти, куэдым ар фIыуэ кIэлъатыгъуэрт, я адэм хуэдэуи кIаульэтэрт.

Инал Нэху емышу телъэкIащ адыгэхэм я зыужьныныгъэм, абыхэм я пьаохэм мамыбрагъэ, зэгурыIуэ, нэмыс ильныным. И иужьрей Iуэхуэри арат зытеухуар - аб хъаэхэр адыгэ лIакъуэхэм быдзу дахэтын зэрыхуейр щIэзыгъэбыдэ зэгурыIуэныгъэ щхьэпэрт.

Инал Нэху и кIуэнтхум, ди жагъуэ зэрыхьунщи, кIагурыIуэхьым я адэм и мурадыфIхэр, ахэр ягъэзэщIэныр, ягъэбыдэным и пIэкIэ, езыхэр дахэ-дахэу зэгурымыIуэу, адыгэ щIыналъэхэр Iыхьищу ягуэнщащ. Нэхъ нужьныIуэкIэ а Iыхьищыр щIыкIу-щIыкIу куэду зэкIэщIэхужащ, дагъэнэми унафэщI (пщы) нIэу. Ар мыгъагъэщхуэт адыгэхэм я деж. Сыт щхьэкIэ? Пщыхьэ зэныкъуэкъурт, я щхьэ Iуэху зэрахуэ мыхьэну, лъэпкъым и сэбэп зыхьэлъхьэм егупсысыр тэкхьым. Ябыныкъуэгъэ къэшхьыныжкIэ зэпищIэгъуэ Тыркурт, нэгъуэщIхэм я пльапIэр Урысейр т. Езыхэр зэкъуэувэну, зэрыныгъыну хэттэкъым.

Апхуэдэ щытыкIэр кIагъэсэбэнрэ, адыгэщIым щыхъунщIэрт ди гъунэгъу къэнэ-къэнэ - нэгъуэйгъэхэр, авархэр, лезгинкэр, нэгъуэщIхэр. АдыгэщIым къаэкIыртт «шы пшэр ЩанэI» зыжьаIэм хуэдэхэр, зи бийм къуэрыуэхэр, зи лъаохэм еплъыжьхэр, зи лъэпкъым зэран хуэхъужьхэр.

Лъэпкъыр быдэу зэкъуэтыныр я пльхьэнгъэ щхьэпэщIыпIэ нIуэ къэзыщI щапхъэхэм ящыщ къэттыпатпхъощ Кьэнжал и щыгум адыгэхэм 1708 гъэм къыщыхьауэ щыта текIуэныгъэщхуэр. Гу зэлъытатхъэщ къэрыр тэ тэрхэр 1570 гъэм къыщыщIэдзауэ адыгэщIым зыбжанзэр къызэрытеуар, абы, ди жьыпIэ-пьуэхэр щыслъыншIуэ яхъунщ, щIалэхэр, зыджбзэхэр залымыкъэкIэ тIэщIахьуэ зэрыщытар. Апхуэдэ мурадхэр иIэт Кьаплъэн-Джэрий щауэ ки. Ахьыбарыжьхъэм кьаззрыхэщIыжькIэ, абы и дзэхэр тIэунейрэ хьэбэсабэу щызэ-

● Зэ1ущIэ щхьэпэ

Нрес фи псалъэр цIыхухэм я деж!

КъБР-м и Президентым тхакIуэхэр егъэгушхуэ

Сурэтхэр **МАМИЙ Русланрэ ЕЛЪКЪЭН Артуррэ** *трахащ.*

Ахьмэт кIыхьигъэщащ 1934 гъэм, совет тхакIуэхэм я япэ сьездым и ужькIэ, кIыхьэрагъэпща я зэгухьэныгъэм и пащ дэль кьалэнхэр зыхуэдэм, абы зэрехьулIэр, зыIуэу лъэпощхьэпохэр.

- КъБР-м и цIыхухэм я гъащIэм кьащIыхьу зэхъуэкIныгъэ псори гъуджэм кIищым хуэдэу лъэпкъ литературэм кIеГъэлъэгъуэр, - жиIащ Созаевым. - Ар щIихьэт тохуэу гъащIэм щекIуэкI Iуэхугъуэ псоми ТхакIуэхэм я союзыр щыгъуазэу зэрыщытым. Мыбдеж кIыхьигъэщIыпхъэу кIыхьольитэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я зэгухьэныгъэкIэ Урысейм кIыхьэрыщеджэр. Апхуэдэ пщIэр абыхэм кIыхьиныщIи псжупсэ къуленигъэ зыхэлъ я Iэдакъэщ1экIхэм, яхэлъа ПIыхьгъэ лъагъэм. Урыс тхакIуэхэм нобэ дэ кIыхтхуащI пщIэмрэ щIыхьымрэ я лъабжьэр кIыщежьэр, щэч хэмыльу,

● Къэжал зауэ-300

ЗэхэгъэкIыныгъэшхуэ

Куэд топсэлъыхь ильэс 300 и пэкIэ Къэжал и цыхуэм щенIуэкIа зауэм, абы и Iэужьхъэм, лIыгъэ щызезыхьа ди хэкуэгъуэхэм. Сэрэ сыхуейщ а Iуэ хуэхэм теухуауэ ди гупсысхэр къэгъэIуэтэну.

ЯПЭРАУЭ, щыгъуазэ фыхуэсщIынщ Къэрмыкъ щыпсэуа тэтэрхэр къыщIыттеуам и щхьэусыгъуэхэм. Ахэр зыхуэкIуэжьщ мыращ: псэ зыпыт псори зоныскъуэкIу, я сэбэп зыхэлъхьэ щIэжькIуэ. Нэхъ лъэщыр токIуэ, къаруушэр хагъащIэ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, ардыдэр яхуэжьпIэ хьунщ щыхьмэ. Ауэ абыхьм я гъащIэр я хьыфI ящынпащIэ къыгъэсэбэпыф Iэмалу куэд дыдэ: кIэру зэрахэтыр,

зэуэнымэ зэрыхуэIэхэр, хуей хьунэ, я гъунэгъуэхэм нанкIэу зэрадэпсэуфыр, зэкIуэзвэгъуэ, бий бзаджэм хэм зэрапэуфыкIыр.

А Iуэгъуэхэм фIыуэ егупсысу щытатэжнущ епщыкIущанэ-епщыкIупIанэ лъэщIыгъуэхэм псэуа щIыхь Iущ, усакIуэшхуэ Данте Алигьери. Арацу Европэм и гъэщIэгъуэхэм ящыщ

ятэ дыдэу жьыбIар лъэпкъэр зэкIуэувэн, къэрал кIагъэхъуу, зэгурыIуэ-зэдзIуэжу зэдапсэн зэрыхуейр.

Апхуэдэу Iуэхуэм зэрепльыр адыгэпщ псоми я пашэу щыта Инал Нэ ху. Абы хуэзфIэкIауэ щытащ адыгэ лIакъуэ хэр зэрищэIэнныр, зэгурыIуэ Iуэныр, зы унафэм щIэту зэдапсэныр кьыдзэригъэпэщыныр.

Инал Нэху щIэрыIуэ щыхъуат и пьаохэгъуэм я деж. Абы и жьIэм къедаIуэрт адыгэ псори. И пщIэр, и нэмысыр инти, куэдым ар фIыуэ кIалъатыгъуэрт, я адэм хуэдэуи кIаульэтэрт.

Инал Нэху емышу телъэкIащ адыгэхэм я зыужьныныгъэм, абыхэм я пьаохэм мамыбрагъэ, зэгурыIуэ, нэмыс ильныным. И иужьрей Iуэхуэри арат зытеухуар - аб хъаэхэр адыгэ лIакъуэхэм быдзу дахэтын зэрыхуейр щIэзыгъэбыдэ зэгурыIуэныгъэ щхьэпэрт.

Инал Нэху и кIуэнтхум, ди жагъуэ зэрыхьунщи, кIагурыIуэхьым я адэм и мурадыфIхэр, ахэр ягъэзэщIэныр, ягъэбыдэным и пIэкIэ, езыхэр дахэ-дахэу зэгурымыIуэу, адыгэщIым къытхуэхъэм ящыщ зыщ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Ауэ, гуващIэхьамэ, щыхъуэ зэрыгъэщIыжьымэ сэ щэч хьыгъэхьэмэ, щыхъуэ зэрыгъэщIыжьымэ сэ щэч хьыгъэхьэркъым».

ЗэIуIэм кьыщIэта Iуэхугъуэхэм ящыщщ анэдзэлъхьэкIэ зэрыгаГъаджэм и фIагъыр къэIэтын, республикэм и тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэмкIэ школ библиотекэхэм я фондыр хэгъэхъуэн, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым тэрэн щIэзыдзэ ныбжьыщIэхэм папщIэ литературэ консультантэр щыгъэлъэжьэн зэрыхуейр, нэгъэщIэIуэхугъуэхэр.

ЗэIуIэм и кIэуэным КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьыхигъащащ апхуэдэ зэIуIэхэр ильэс къэс иригъэкIуэжыну зэримурадыр, жьлагъуэ-политикэ Iуэхуэхэр зэфIэхыным ТхакIуэм и псалъэ хэтын зэрыхуейр икIи сыт и лъныкъуэкIи езым и деж дэIэпыкъуэгъуэ зэрыщагъэуныр.

ЗэIуIэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щратыжащ Кавказым щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, бизнесымкIи и Жылагъуэ академиим и дейзительнэ члену зэрыхахамкIэ щыхьэт тхылыр. Апхуэдэу, Лермонтов Михаил и фэепль сын Налшык зэрыщагъэувам папщIэ, Лермонтовкэ комитетым и дыжьын медалыр кьыхуагъэфащащ.

ЩIХЬЭЩIЭМЫЩI И1э.



хакъутащ адыгэщIым, нэхъ тэмэму жьыпIэмэ, ХьэтIо хьущокъуэпщIэм яIыгъа щIыналъэхэм. Псом хуэмыдэу Iупщу Iыдым Хьмащ Къэжащ и джабзэм, Гундзэнэныпсыр Бахьсэн щыхьэпадэ щIыпIэм и деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэкIэ.

Мыбдежым кьыхэзэщIыпхъэу собж а зэманым пщы уэлийчу щыта ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ Нашшык, Щхьэлыкъуэ, Щэджэм, Бахьсэн, Гундзэнэн, Баталкъ, Дзэлыкъуэ псыхэм Iуса къуажэхэрэ зэрыщIэлъэтьар. Апхуэдэу щыщыткIэ, лIыгъэ ин къэзыгъэльагъуэ адыгэ зауэлIхэм яхэтауэ къэттыпатпхъэщ а жьыларэ псоми я лIыкIуэхэр.

Кургъуокъуэ гурэ псэкIэ хущIэкъурт адыгэщIым я зэкъуэтыныныгъэм, куэдыр кхыифIэлIыкIырт, и унафэ хэр кхьыдаIыгыьрт. А лIы гъуэзэджэм щырыльть щащIат Кьаплъэн-Джэрий епсэлъэну. Абы, адыгэхэм ятын хуейуэ кьыгъаратхьа кьуэдыр игъэмщIэн щыхьэкIэ. Кургъуокъуэ кьыгурыIуэрт апхуэдэ лъэпур зи кьырум щыгуть дзэпщ Iэлым имыдэу кьыгъэпудынкIи зэрыхьунур. Ауэ цIыхубэм и гурыхъуэгъэкъым, кIыхьэпакIуэ дзэпщым гъунэгъу зыхущIри, кхьызытехIуныкъар гурыгъэIуащ.

Мысоет Л. зэриткьыжамкIэ («Терские ведомости», 1894 гъэ, №97), хьаныр, зыри жимыIэу, тутын зэрефэ луэр жьэдэлъ, ней-нейуэ къеплъыкIэ и пащхьэм зигъэщхьэу кьнува лIы бжьыфIэщхъэм. Абы и лъэур кьыгурыIуа нэужь, хьаным, и тахьтэм мащIэу зыкъыгрИтэкъыкIри, лучэм иль тутын сауэр Къурыгъуокъуэ и щхьэ упсам кьыгрикIуатащ, мыхэр жиIэурэ: «Сэ кхьыдэпIыпхъэ къуэдыр уфIэкъуэдыIуэу, ар згъэмэщIэну, абыкIэ тхьыпIэ сыпхьаIу уэхеуэ ара? АтIэ мис си жэуапIар. Аращ укъэзыгъэкIуахэм яжеплъжьынр».

Апхуэдэ хабзэншагъэм ину кхьыззэгуигъэпами, пщы уэлийм зишыIащ, - щетх Нэгумэ Шорэ - Адыгэ лъэпкъым и тхьакъэр - нэгъуэйгъэхэр, къаплъмыкъэр, авархэр, лезгинкэр, нэгъуэщIхэр. АдыгэщIым къаэкIыртт «шы пшэр ЩанэI» зыжьаIэм хуэдэхэр, зи бийм къуэрыуэхэр, зи лъаохэм еплъыжьхэр, зи лъэпкъым зэран хуэхъужьхэр.

Лъэпкъыр быдэу зэкъуэтыныр я пльхьэнгъэ щхьэпэщIыпIэ нIуэ къэзыщI щапхъэхэм ящыщ къэттыпатпхъощ Кьэнжал и щыгум адыгэхэм 1708 гъэм къыщыхьауэ щыта текIуэныгъэщхуэр. Гу зэлъытатхъэщ къэрыр тэ тэрхэр 1570 гъэм къыщыщIэдзауэ адыгэщIым зыбжанзэр къызэрытеуар, абы, ди жьыпIэ-пьуэхэр щыслъыншIуэ яхъунщ, щIалэхэр, зыджбзэхэр залымыкъэкIэ тIэщIахьуэ зэрыщытар. Апхуэдэ мурадхэр иIэт Кьаплъэн-Джэрий щауэ ки. Ахьыбарыжьхъэм кьаззрыхэщIыжькIэ, абы и дзэхэр тIэунейрэ хьэбэсабэу щызэ-

● Тхылъэщ1э

Сэбэпщ, купщIафIэщ, гъэщIэгъуэнщ

«Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм урысибэзэкIэ кьыдигъэкIащ диным и лэжьакIуэ Емыкl-Темыржан Галинэ и кьалэмыпIэм и пкъыгъуэ, плыифэ нэхьыщхьэхэм теухуауэ.

ТХЫЛЪЫМ Iупщу кьыщигъэльэгъуа хьущ КъурIэныр Iыхьэ-Iыхьэрэ ильэс 23-кIэ Iхъэм кьыззрытхуигъэкIуар, ар мусльыжьи псоми (зыщыльэпкъым емылытауэ) зэрахуэгъэзэр, хьэрпыбзэкIэ кьыщIытхуехам и щхьэусыгъуэр, абы Iиман зиIэхэм ящIэн-ялэжьын, зыгъэщхьэмэн хуеИхэр гурыIуэгъуэу зэритым, и дерсхэр хэти зэрыхуэщхьэпэм.

«КъурIэныр Тхьэм и псалъэщи, - етх Галинэ, - нэгъэсаеу хьэкъщ, Iущщ, захуэщ, пьэщ, нэхущ, тельыджэщ. Абы купщIэ зимыIэу зыри щыбгъуэтынукъым. Гу зылъыт апхъэщ, къэбгъэльагъуэмэ, «гъащIэ», «захърэт» псалъэхэу фIыщIагъэ лъапIэм итхэр я бжьгъэкIэ зэрыщэхуэдизыр (115-рэ мэхъу дэтхэнэри). Ардыдэр зэрыжьапIэ хьунущ «псапэ», «гуэныхь» (180), «хэхуэ», «хэщI» (50), «цIыху», «бегъымбар» (368-рэ), «фIэщхъуныгъэ», «динныщ» (25-рэ), «жьыг», «удэ» (26-рэ), «шагъыр», «ччэф» (6), нэгъэщIэхэми.

Тхылъым и кIэух напэкIуэлIхэм Емыкl-Темыржан Галинэ я кIэщI дыдэу дыщеГъэгъуазэ КъурIэныр и сурэхэм зи гугъу ящI Iу жугъуэхэм.

Тхылъыр щыбгъэ зтынущ мусльымэн хьэпшыпхэр зыщащэ тыкуэнэхэм.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

● Футболым и махуэщхуэ

Европэм щынэхъ лъэщыр зэхагъэкIыну

Нобэ щIедзэ футболымкIэ Европэ чемпионатым. Ар базэльэ кьалэм щыщIэзэуахынущ Швейцариемрэ Чехиемрэ я командэ кьыхэхахэм я зэIуIэмкIэ. Хабзэ зэрыхъуауэ, Европэм футболымкIэ и Кубокым щIэбэныну команда 16. Ахэр командэ пIыкIыпII хьу гупилIу гуэщщ. Урысей Федерацэм и командэр зыхэтым хэхуащ Испаниер, Грециер, Швецариер. Ялэ зэIуIэр ди командэм испанхэм ядригъэкIуэну - макъуаугъуэм и 10-м ахэр Инсбрук кьалэм и стадионым щызэдэжэгунущ.

ЦIЫХУБЭМ я Iуэху епльыкIэр кхъэшщыгъэ Урысейпсо центрым (ВЦИОМ) кьыззрихутамкIэ, ди къэралым и щыхуэхэм я процент 50-м нэблагъэр кIэлъыплъынущ Европэ чемпионатыр зэрекIуэкIым. ГъэщIэгъэнраКъэ, а бжьгъэм и процент 22-р зэхъэзэхуэ псоми

еплъыну хъэзырщ. Ар щыхьэт тохьуэ, футболым хуэдэу, цIыху куэдым я псэр зытхэзэкIуэ нэгъэщIэ спорт IэужьыгъэгъэзэрщыщымыIэм. Уеблэмэ Олимп Джэгуэхэм ехьэехуэу апхуэдэщ ар.

Урысей Федерацэм и командэмкIэ къэдгъэзэжьнщи, спорт Iэщ1агъэлIэхэм футболым дихьэхэсми кьыззрагъэпытэмкIэ, чемпионатым дэ ехъулIэныгъэшхуэ щыдилэну хуагъэфащэркъым. Тотализатор джэгуэхэм ди командэр псом нэхъэрэ кьаруушэу кьатлыта икIи ар иужьрей уеблэмэ ягъакIуэ, зыгуэр кьыщыгъуэхьыну я фIэщ мыхьуу.

УФ-м и футболелпIэхэм апхуэдэу кьалыгъэркъым: нэхъыбэм щэч кьытрахьэрэкъым ди командэр чемпионатым и Iыхьэ нэкIыуэ зэпеуэм зэрынэсыным. Апхуэдэ гугъэр абыхэм къахэзыльхьэр УФ-м и командэм и тренер нэхъыщхьэ Хиддинк Гусщ. ЦIыхуэхэр абы «НасыпыфIэкIэ» йоджэ. Ар къызыхэкIар футболым дунейм зыуи кьыщыдэз Корэе Илщым и командэм 2002 гъэм екIуэкIа чемпионатым 4-нэ увыпIэр къызэрыщригъэхьауэ щытаращ. Абы и уэкьыпIэ, 2006 гъэм, Австралиеи и командэри финаным и Iыхьэ пIанэм зэрынэсари зы фIыгъэр ярауэ кьалъытэ. Апхуэдэ зыхуэзфIэкIа нэгъуэщI тренер футболым и тхьдэм хэткъым. Ар зэрынасыпыфIэм щыхьэт текIуэныгъэ Европэм и чемпионатым кIуэнуэкIэ къызэрыхах зэIуIэхэр щекIуэкIым щыгъуэ ныбжьыкIэ ящIэ. Ар зэмал закъуэр - Хорватиер Инджелышэм щыIэу хэгъэрейхэм ятекIуэныр - сэбэп къызэрыгъэхъуэар?!

СыздэрелпIэмкIэ, ялэ зэIуIэр испанхэм тфIэкъыбну къыщIэкIынущ. Абыкъэ зыщымысыжьну дыхуэмейми, абы и топджэгуэр нобэкIэ нэхъ лъэщщ дыдейхэм нэхърэ. ДызэрыгъэмыгъэкIуаеу ар ихъкIу щытмэ - ди дежкIэ ехьулIэныгъэшхуэщ. Ауэ Iуэхуэм я къыхэлъытэн хуейщ испан топджэгу псынщIэхэм зэралъэщIыкъэгъуейр, абы нэмыщIыжькIэ, а зэIуIущ1м хэтынкъым нэхъыбэу дызыщыгуГъэу Аршавиныжрэ Погребнякрэ. КъыкъэлъыкIуэ зэIуIущитIым Грециемрэ Швейцариемрэ - закIэрыгущIэу» очкохэр къафIэдмыкъыхьунукъым. Ди щIалэхэм ар яхуэзфIэкIыну дыщыгугъынщ. Апхуэдэу хъумэ, ди командэр зэхъэзэхуэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэм кIуэнущ. Адэкъэ, зэрыжаIэщи, гъащIэм къигъэльэгъуэнщ.

Зэ1ущIа ди цIыхухэм я процент 11-р мэгугъэ УФ-м и командэм Европэ кубокыр кьихьыну. Хэтыт абы хуэмейр? Финалыр мэжьауэгъуэм и 26-м Бенэ кьалэм щекIуэкIынущ.

Мыри щIыгъужьынут, Европэ чемпионатыр зэрекIуэкIым Австриемрэ Швейцариемрэ щыIэу кIэлъыплъынухэм папщIэ билетэ мелуаным щIигъу ящащ. Нэхъ пуд дыдэр Австриемрэ Хорватиемрэ я зэIуIущ1м щхьэнэ я ящагъэр; зы билетым евро 500 и уасэщ. Нэхъ лъапIэ дыдэр кIэух зэхьэзэхуэм ейрщ - евро5у мини 4-м нэблагъэ.

ЗЫЩIЫКЪУЕЙОлег.

● Критикым и псалъэ

Нэрыбгейхэмрэ тхыдэмрэ

**Адыгэ лъэпкым и лъабжьэр дунейм щыкIэрэхьуа зэманыжьхэм я куупIэм кьыззрыщежьар, абы Iуриlлу кьыдекIуэкIа бзэм кьихьэса дэтхэнэ зы кьэхъугъэри фIэщыгъэри блэкIа жьыжьэм упрыщысигъэпльыжьи Iэмалыфу зэрыщытыр нобэ ныжэбэкьым наIуэ кьыщыхьуар. Абы тетхьихьащ, ар кьаухтащ акьыл кIуэрэ зэчиигъэ лъагэрэ зыбгъэдэлъ щыхуку куэдым: пасэрей гъэтэрыкIуэ-кьэухтакIуэхэм я деж кьыщыIэдзауэ щIэныгъэр зыгъэIурыщIэ ди тхыдэтхэм кьэсхьу. Ау я итIани нэ жанкIэ гъащIэм эпплъэ, льыхъуэныр зи лым хьихьауэ хэт щIыхум хуIыокI лъэпкъ тхыдэм Iыхьэщ1э гъэркIэ кьыхъувэн.

АПХ УЭ ДЭУ хужьыпIэ хьунущ Ахьмэт МуIзед и Iэдакъэщ1экI, «Адыгэ амазонкэхэр» зи фIэщыгъэ романым. Куэд щIакъым ар Налшык, Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхыльэ тедзапIэм кьыззрыщIдзкIэрэ. Тиражыр зэрыхъ ук минищ. Романым ухьеджа ежужь уогупсыс: ар минитхуу, уеблэмэ, минипщIуи кьыдэбгъэкI хъунут. Апхуэдэу жозыгъэIэр езы романым и гупщIэр тхыдэ и лъэныкьуэкIэ зэрыкъурщ, и кьэухьар кьудамэ куэдкIэ зэрызэбгрыкIырщ. А кьудамэхэм «кьапыкIауэ» ятетщ къэIуэтэнтIыгъэщIэгъуэн дыдэхэр: Нарт эпосым кьыхэщ псэукIэмрэ амазонкэхэмрэ я лъэхъэнэ жьыкъэм (2000 - 1100 гъ.), ди эрэм и пэ кьыкьыщIэзэрыззэхущытар, нобэ дыщыпсэу щыпIэм иIэ фIэщыгъэщIэхэм тхыдзэкъ зэрэIэр, лъэпкыр дызэрыгушхуэ хабзэхэм, щIэблэр лIыгъэм щIэпIыкIыным ехьэлIа хуэIухуэщIэхэм ящыщ куэд а зэман жьыжьэм унэтIынытIыгъэу кьыззрежьар зэрызыхэпщIэр, нэгъэщIэ куэдри.

Романым кьыщыхьу «кьыщыщIэхэр, н.ж. сюжетыр зытеухуари, зэрыхуари амазонкэхэм я пащтыхьыгъуэр зэрыпсэур, зэрызауэр, зэрызихьмэжкыр кьэгъэльэгъуэнырщ. Абы папщIэ Ахьмэтым тегъэщIапIэ кьещI ильэс минхэ зи гъуэгуанэ тхыдэр: Геродот и Iэ дакьэщIэкIэр, хьэтхэм, хеттхэм, Мыкиврар кьыще жьа фирхьэ унхэм ятеухуауэ кьэхутэнигъэхэр, нэгъуэщI куэдри. Пэублэ псальэм щыщIэдзауэ, тхылъым щIэ куэд кьыббгъэдельхэ, абыкIэм гъунэжу яхэтщ «кьыпхуэзэщIуэтэ» кьудеIм кьыщIэ гъэрыщIмынэу, укъэзыгъэуIэбжькъэр. «Сэ сыинженер-ухуакIуэ кьудеIщ, сылитераторкъым» (стхам фыщIэмынакIэ - фыкьеджэ жиIэу кьригъэкIыу) авторым зыкьыззэрыгъхутыкъэ псальэхэр уи фIэщ хьуркъым: апхуэдизу куууэ адыгэм и тхыдэм хэIэбаци, гупсысэ зэмыщIхэр удихьэхыу кьеIуатэри.

Тхылъыр зэрыгъэпсам плъыфэ нэхьыщхьэу нIэр абы щенджкI Iуэхуэгъэхэр амазонкэхэм я щIэхэм епхауэ кьыззригъэльагъэурщ. Я щIэхэр жьитIэу кьыщIыхэдгъэщIар а зэман жьыкьэм псэуа щIыбхэ я ябгэхэм апхуэдэ щIэхэр яIауэ зэрыщытар авторым ди фIэщ зэрищIыфырщ. (Апхуэдэ щIэхэр кьыщыунэхуар тхыдэкIэ нэхь ди гъунэгъу зэманыр арэ пэт ми). ТкакIуэр образхэмкIэ мэгупсысэ, ахэр композицэм хегъэзагъэ, лъэпкъ тхыдэм и лъэхъэнэхэр кьуэпскIэ зэрызэпыщIар наIуэ кьеIщ. Дыщэнэ, Пэрытауэ, Санэ, Дахэзинлэ, Хурсанэ, Саусэ, Елэныпэ - хэт жиIэфын мы фIэщыгъэщIэхэр адыгэбзэм и кууплъм ижь-ижьыж лъандэрэ кьыщемыжьауэ... Амазонкэхэм я кьэлIщэнкIэр, я дуней тетыдэр, я гупсысэкIэр - псори щIыззэлъэщIысыр лъэхъэнэ жьыкъэу нобэм ядж, ядж пэтми зи лъащIэм тетыныр зи фарзу щыт гъащIэм пэщIэувэ апхуэдэ г ушIэгъунышагъэр щхьэусыгъуэ хуэхьуу щIедзэ амазонкэхэм я пащтыхьыгъуэр кьутэжьыным.

Ар романым кьыщыхьуу щыщIдзэнур иужьыуIэжIащ, уеблэмэ, абы и етIуанэ Iыхьэр арауэ кьыщIэжIащ (тхыгъэм кьыззрыпищэнум щэч хэльхьым). Иджкиб амазонкэхэм наIуэ цыхьухьэм зэпыIуадз, щэхуу я гум ахэр щагъафIэ, нэхь бланэкэр кьыхах, кьару мыкIуэщIкIэ «щIыхь» пхъэбгъуэм лэгъэнэ зэхуэзапIэхэм щратхэ.

Романым «Адыгэ амазонкэхэр» жиIэу и фIэщыгъэми, адыгэ цыхубзым иужьрей лIэщIыгъуэхэм кьыдекIуэкIа хьэл-щэнымрэ псэукIэмрэ я зыри яхэткIым абыхэм ебгъапщэ хьуну. А лъэныкъуитIым щIыльэмрэ уафэмрэ я зэхуакущ жьипIэми егъэлеякъым. Лъэпкыр дызэрыгушхуэ, дызэрыльагэ ди адыгэ хабзэм и фащэу амазонкэхэм «ящыгъэр» лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я закъэущ. Адрейуэ ахэр нэщIгъущIыдзэщ (а псальэр кьызытекIари ахэрщ) зэпымыууэ зэуэным зыхуагъэхьэзэщ, загъаезэ, сэшхуэ лантIэхэр, «зи залэр маекэр» ящ, шы жэрхэр кьагъэхьу, хьэ гъэсах эр я гъуэсэщ. КIэщIу жьипIэмэ, зытеуэ кьуажьэхэр «нэщIгъущIыдзэу» ирахыну хьэзырщ. ИкIи ирах. Арэзы удэмыхьункIэ Iэмал иIэкъым Ахьмэтым кьиIуатэ мыпхуэдэ гупсысэм: амазонкэхэр лъэпкъым и гущIагъщIэлъу кьыщыIэмынам, и гупсысэм «щIыхитхьыкIам» и щхьэусыгъэуэр апхуэдэ щIыкIэкIэ ахэр дунейм зэрыстетарщ.

Ауэ, итIани, абыхэм зэрахьэ лIыгъэм, ящыщ зырызхэм кьадэуэ гущIэгъуэм, лъагъуныгъэм удахьэх, узыIэпашэ. Тхылъым и пэм кьыщыщIдзауэ и кIэм нэс кIуэцIрокI Санэ, Дахэзинлэ, Хурсанэ сымэ я образхэр. Дыщэнэ, амазонкэхэм я шу пашэм, псоми гу льетэ, губзыгъэщ, Iущщ. Нэхь иужьыIэкIэ Саусэ кьыхохьэ, кьыщIыхьхьэми щхьэусыгъуэу иIэр цIыхубзыр кьыщIигъэщIэр цIыхьухьэм гъащIэ гъуэсэу иIэну зэрэуихар тхакIуэм кьигъэIэсыгъэ папщIэщ. Ипполитэ, Антеипхъу сымэ я образхэр сюжетым и тегъэщIапIэу романым и етIуанэ Iыхьэм кьыхоувэ.

Адыгэ амазонкэхэр щыIауэ пIэрэ, жьипIэу тхылъым укьеджэн щыбдозэ, зэрыщыIар уи фIэщ авторым ищIауэ романым еджэн боух. УзэпльэкIрэ, уегупсысмэ, а псом тхыдэ лъабжьэ иIэщ: Антеипхъу зи цIэ амазонк эр Тесей зэрыджэуам ф ущэ Iыхьэр Геродот итхаужм кьыхихащ. Амазонкэхэм я пащтыхьыгъэм Алыджкыр ди эрэм и пэкIэ 1255 гъэм якьутэри, Афины кьалэр кьаубыдаеуэ щытащ. Пащтыхьыгъуэм и быдапIэхэр яубыдыну, амазонкэхэр гъэрэ щIу, езыхэм я цIыхухъуэхэм хуашэну, абыкIэ я лъэпкым и щIэблэр лъэщ ящIыну чынтхэр кьатоуэ. Сыт хуэдэ лъэпкъ аэр, дэни кьикIа? АбыкIэ зэупщIыжу кьекIуэкIащ, Нарт эпосыр щIидзыкIыу кьыдэкIуэтея дэтхэнэ адыгэри. Инженер-ухуакIуэ Ахьмэт МуIзед фIэкIа нобэр кьыздэсым щхьэтечу зыми жиIаэу сэ сщIэркъым чынтхэр китай цIыхуэкъ жиIэ у. Мыбы арэзы темыхьэнхэри адыгэ интеллигенцэм, дауи, хэтынущ, зэдауи щыIэнущ. Ауэ жиIэфакъэ, китайхэщ жиIэу! Я зэуэкIэмкIэ, егъэзыкIуэкIэмкIэ, амазонкэхэм яIэщIыкIуадэ пэтми, ерыщагъ, пагагъ, зыри кьапэмылъэщыну зэрызугъэмкIэ дигъэльагъуфакъэ нартхэм я ныкьуэкьуэгъу чынтхэр зэрыкитайхэр. Мыбдежым щынэрылъагъущ романымрэ тхыдэмрэ зэрызэхэлIар: тхакIуэм и художественнэ гупсысэкIэм «зегъаззри» тхыдэм елэжь Iэщ1агъэлIхэр кьыхуреджэ лIэщIыгъуэхэр зэпэзылыыт, наIуагъэ хуэныкьуэ кьэхутэныгъэхэр ящыну.

Санэ зи щ1э амазонкэм зэрихьа лIыгъэр романым Iэззу кьыщыгъэльэгъуащ. Уи нэгу кьыщIоувэ бгы зэгуэзитIым я дыхьэпIэ эзвым шабзэхэр зэрыуэу кьыдиутIыпщыкIыурэ, кьыщIэтхэр хэзыгъащIэ цIыхубзыр. Мыр егъэлеящ щы-жьыпIи щыIэщ. Ауэ амазонкэхэр зауэ хэзыхуэщIэм зэрыхуагъасэ щыкIэу тхыдэм кьыхэнэм тепщыхьмэ - уи фIэщ мэзыу. Адрей амазонкэхэми хуэдэу, Санэ щыщIыкIум кьыщыщIэдзэауэ хуагъэсащ шабзэшэр эдынэсыным деж фIэлъ Iэлъыным лIэужьыбгъуиплIкIэ техуэу: Iэлъынмрэ мыхьэйуэ фIэлъу; Iуданэм фIэщIагъэ жьыбгъэм дещIэу: чиIи и щыкIэ, жьым игъэсысу; нэхъ гунэгъу дыдэу - Iэлъынмрэ щIым щылъу, ищхьэмкIэ укьыщIтехуэу. Абы дыщIыгъут шууеигъэр, хьэ, бгъэ гъэсахэр кьэгъэIуэгушэнэр, кьущIкъэ папщIэхэр бийм и кьурмакьэйм хуэзэу дзынэр, нужь дыдэу - сэшхуэ лантIэмкIэ зэуэныр езы амазонкэхэм фIэкIа, абы хуэIэзэ уэзрыхъунум и щэхур зыми имыщIэр. А сэшхуэращ Геродот амазонкэхэм я «пщы гуащэ Ипполитэ щIэлъ дыщэ бгырыпIхъ» жиIэу щIитхар.

Ауэ Санэ и хахуагъэр кьызыхэкIа нэгъуэщI кьаруи щыIэщ. Ар абы нарт щIалэ Iэхэтlаг у щэхуу, зыми кьимышIэу хуищIа лъагъуныгъэрщ. А тIур зэхуэзэну зэпсэльыкьакъым, зэрыльэгъуэ фIэкIа: Санэ быдапIэр ихьу-мэу тету, Хьэтlагу Iэгъ ублагъэхэм Iуэху гуэрэхэмкIэ щыIэу эпъауэу. Ау я я псэр зэхуоабгъэ. ГъэщIэгъуэныраькъэ, зэхуэзапIэ лэгъынхэм фIэкIа цIыхухъум игъусэну хуимыт амазонкэхэм ящыщ куэдым щIэ Санэ лъагъуныгъэ зэрищIар: цIыхухъу щхьэгъусэу иIэну зэрыхьуапсэр. Ауэ зыри жаIэркъым, шупашэ Дыщэни, пащтыхьыгъуэм и хабзэм ткIийуэ тет амазонкэ нэхьыщхьэмэ бзэгу ухахыркъым. Уеблэмэ Хьэтlагу лIыхужьу чынт гупым и закъуэ езаIэу, х экIу эда иужь, кьыбгъэдыхьэурэ кьыхогУзавэ, и лъагъуныгъэр кьыззэрыдалъыми Санэ и гуэр нэхьри егъэбыдэ. Абы и монолог-тхьэрыу зр, зауэ гуащIэм хэкIуэда щIалэм щхьэгъусэу щыгугъам, хуэгъэзэр, романым и фIыпIэхэм ящыщ. КьызыхэкIа лъэпкъыр зымыщIэ, кьанж1э унэ зэхуэзапIэм дунейм кьыщытехьа сэ псалъэ сог, жеIэ Санэ, си Хьэтlагу и гум фэ, чынтхэм, зы шабзэшэ евдзамэ, сэ, лъэбакъущIкIэ Iэлъыным техуэм, фэ фIыщ кьыщIэ и ажал кьэзгъэсынкIэ. Сэ слъэгуауэ зауэм фызэрыхэт фащэр, фи блэгущIэм хуэзэу абы иIэщ шабзэкIэ уздынэсхи. ИтIанэ, сэ тезгъэпсэнущ фи нэхэм, фи тхьэкIуэмэхэм, фи кьурмакьейхэм... Ар жызыIэр сэращ, хеттхэм я нэрыбгейрщ, фIэкIыпIэ зимыIэ ажалыр ныфхуэзэ ныхь нэщIгъущIыдзэрщ.

Санэ и закъуэкъым цIыхухьу дэпсэну, унагъуэ иIэну кьуапсэ амазонкэхэр. Хуэмхуэмурэ хэхъуэу щIедзэ пащтыхьыгъуэм и хабзэ тхIийхэр зымыдэхэм я бжыгъэм. Цыхубзыр кьыщIигъэщIар анэ хьуу я, щхьэгъуэ иIэ у, сабийуэ кьыпхъыкIар зэхуэдэу ильагъуу псэунырщ. Амазонкэ пащтыхьыгъуэр хуейкъым щIалэ цIыкIуу кьалъхуа сабийхэм. Мис мыбдежым щIэзэпсэшоувэ цIыхубзым и лъхьэ ноугиемрэ ахэр зэрагъэпсэу хабзэ тхIийимрэ. А пащтыхьыгъуэр иджыри лъэщIи. Ар нэгъуэщI щIыпIэ кьикIа бийм хуэкъуэтэнукъым икIи кьыхуэзэнукъым - езым и «кIуэцIым» кьыщыхьеI а зэпэщIэтыныгъэрэ ар зэтезыгъэщэхэнур.

Ар кьагуроIуэ амазонкэ нэхьыжьхэм яхэт фызыжь Iущхэм. Дунейм щытельыджэ сэшхуэ лантIэр, «зи залэр маер», зэращIым и щхэр Саусэ кьрат. А щэхур абы хуеIуатэ езым и кьуэ нарт щIалэ Iхьэзэплъ. Ар кьыззэральхуу я ямыукIыу, и насыпти, кьелащ. Тхьэзэплъ хэздэхэм пащтыхьыгъуэм и псэукIэм емыщIэ, цIыхухъум хуэфащэ пщIэ щигъуэт зэхэтыкIэхэр зи хабзэ кьуажэхэр яуху. Сыт а псор зыхуэжIуэнур? ЗэкIэ я упщIэр авторым жэуапьнIзу кьигъэнащ. Ауэ, зэрыкьитIащи, ар кьыщытщIэну кьыщIэкьынщ романым и етIуанэ Iыхьэм.

Нэхь гъэщIэгъуэн дыдэу мы романым хэплъагъу эр ар зыгъэхьа Ахьмэт МуIзед амазонкэхэмрэ адыгэ Нарт эпосымрэ зэрихьэлIауэ кьиIуатэ гупсысэ-щIэпльыкIырщ. Ар апхуэдэу зэрыщытым езы эпосым кьеджа псоми гу лъмытэкIэ мэхъу. Сэ, псальэм щхьэкIэ, щэ кьыдэгъэкIыгъуэ «Нартхэр» кьыдэзгъэкIыжащ, апщондэхукIи редактору сыхэплъащ, ауэ гу лыыстакъым Сэтэней амазонкэхэм ящыщу эпосым кьызэрыхэщым: Сэтэней Iэкlэ гъущ пльар зыыхуэ Iьэпщ гущIэгъу хуищIри, пхъэ уадэ и кIыщым хущIидзащ, мафIэ дэпым Iэкlэ хэмыIэбын папщIэ Iэдэ зэрищIыну щIыкIэр иригъэльэгъуащ. Абы кьыдэкIуэу зауэ Iэмалхэми хуэIэзэщ - Сэтэней и бын Сосрыкьуэ Тотрэщ зэрытекIуэну щэхуэхэр кьыхуэзэIуех. А псор Сэтэней зэрищIар зыхэт амазонкэ гупым кьамыщIэщу, сыту жыIэмэ амазонкэхэр хабзэ ткIийм тетащ: я Iэщэ щIыкIэхэр, зэрызауэ «щэхуэхэр кууэ яхъумэр т. А щэхуэхэр «зытым» Iэщэ емынэ «зи залэ маемкIэ» и ажал кьагъэсащт. Апхуэдэу гъэщIэгъуэнщ Мэлэчыпхъу Щэуей-псэльхъум хуищIа дагъуэр. Ар кьэзылъхуа Щэуей-псэльхъум щыIагъуэщ: и адэр Кьанжщ, н. ж., зэхуэсыпIэ унэм кьыщалъхуащ.

Романыр нарт эпосым зэрехьэлIам нэхь кууу, щхьэхуэу утепсэлъыхь хьунущ. Мыбдежым щапхъэ зы-тIу кьыжьагъэнщ. Мэлэчыпхъу дахьхьыну нарт щауэ хэр кьыхуэзэпещэрт. Ауэ абы и гур зыми дихьэхьыфыртэкьым. Псоми ехъурджауэрт, дагъ уэ як уищIырт. Кьанж и кьуэ Щэуейм зыкьихуапэри кьэжIауэ, кьыпльыхьун игу хэльу. Мэлэчыпхъу зи ильэгъуатэкьым Щэуейр. Ауэ мо Iущ цIыкIум занщIэу кьицIыхуащ ар хэтми. Кьанж и кьуэ Щэуейуэ, Нэрыбгейм и кьуэ закъуэу, зи хьыбар зэхэсхыр, уэрмыраиэ мэхъу. Сэ, псальэм щхьэкIэ, щэ кьыдэгъэкIыгъуэ «Нартхэр» кьыдэзгъэкIыжащ, апщондэхукIи редактору сыхэплъащ, ауэ гу лыыстакъым Сэтэней амазонкэхэм ящыщу эпосым кьызэрыхэщым: Сэтэней Iэкlэ Iэущ пльар зыыхуэ Iьэпщ гущIэгъу хуищIри, пхъэ уадэ и кIыщым хущIидзащ, мафIэ дэпым Iэкlэ хэмыIэбын папщIэ Iэдэ зэрищIыну щIыкIэр иригъэльэгъуащ. Абы кьыдэкIуэу «Адыгэ амазонкэхэр» зи Iэдакъэщ1экI Ахьмэт МаIзед ятеучу жеIэ Нарт эпосым хэт лIыхужьхьэу Сосрыкьуэ, Бэдынокьуэ, Батэрэз, Щэуей, Тотрэщ сымэ амазонкэм я кьызэральхуар, зэрагъэсар, Iэщэ-фащэкIи, шы жэрхэмкIи зэрауэздар. Адыгэ лъэпкым и тхьщэ жьыжьэм кууэ зезыщIыт щIэныгъэлIхэм абыкIэ арэзы мыхьун куэд кьэхуэкIыну кьыщIэкIынкъым. Сэтэнейр, абы и щыпхъу, ар зытеллъэ мыхьу Быырымбыху, Васкьуэ нанэ, У эрсэржь - абыхэм я хьэл-щэн щэн куэд ящобольагъу Ахьмэтым и тхылъым кьыхишэ амазонкэхэм. Зи цIэ кьитIу нарт амазонкэхэм яхэтын хуейщ Щэуей и хьэщIа, нужькIэ нэр зытеджьилэ Щхьэцфlыцlэ Дахэр, Бэдын и унэгуащэр, чынтхэм я япэ кьытеуэгъуэм ахэр (нартхэм я нэгу щэкIыу) зэтезыкьутар. «Бэдынокьуэ зэрапIа» нарт эпосым хэт хьыбарым мыпхуэдэу дыкьышощIкъэ: «ЩхьэлапIэуэсэу Урэсрыжьыкьэ нартхэ я деж нэсыкIри жкриIащ: Бэдын и унэгуащэр ежьауэ сабийм мэлъхьуэ. ФыкьишIэм, щы фIыщIэр Iэгупскlэ фигъэгъэзэнщ. Ар езыр цIыхубз памыщIщ. Фи бижьхьэр (чынтхэр - Б. М.) хэзыгъэщIа шу закъуэ ягъэр ардыдэрщ». Эпосым щыщ мы пычыгъэурэ щыхьэт тохьуэ романым щыгъэуива художественнэ гипотезэхэм лъабжьэ гъэщIэгъэнэ зэрэIэм.

Кьэухьу жаIтIэнут адыгэ лъэпкым и тхыдэр аддэ жьжьэу, ильэс минхэм я зэблэкIыгъуэм, кьыззрыщежьар Ахьмэт МаIзед и романым тегъэщIапIэ куэдкIэ кьыззрыщыгъэлъэгъуар: амазонкэхэр хеттхэм я лъэхъэнэм зэрыпсэуар, нэхъ нужьыIуэкIэ пащтыхьыгъуэ зэрауху ар, хеттхэм щIэблэкIэ заузэщIын папщIэ апхуэдэ бзыльхугъэхэр кьыхахьу зэрыщытар. Щхьэхуэу кьыжьитIэн хуейщ иужьрей лIэщIыгъуэхэм псэуа адыгэ цIыхубзэхэр амазонкэхэм кьаззрытемыпщIыкIар. Романым зи гугъу ищIыр матриархат лъэхъэнэм кьикIыу дунейр патриархатым щыхуэжIуэрщ. Арэщи, а псор ильэс минитхум щIигъуэуэ кьеIуэжI ди тхыдэм и зы лъэхъэнэщ. ФыщIэ ин хуэфащэщ ди тхыдэжь гъуэгуэхэм апхуэдэ нэ жанкIэ иripлъэжа тхакIуэ Ахьмэт МуIзед.

Романым, дэ кьыззрыгъльытэмкIэ, ныкьуэсанылъэхэри иIэщ. Абыхэми нэхъ кууу утепсэлъыхь хьунут. КIэщIу кьыхэбгъэщIэ, тхылъым и етIуанэ Iыхьэр и композицэкIэ нэхъ кьемыхьлIауэ кьыт - щыхьащ. Зи гугъу тщIыр амазонкэхэр. Абыхэм зэрыкIуар, альджж мифологием хэтхэм зэрахуэзар, зэрезэуар образ и лъэныкьуэкIэ уи фIэщ мыхъущэу кьыззрыгъэльэгъуар. ИтIанэ, романым (аргуэру етIуанэ Iыхьэм) укьыщеджжкIэ, зэзэмызэ урохьэлIэ сюжетым кьемыпха, ауэ лъэпкъ гъащIэм гъэщIэгъуэну кьыхэщыж Iуэхугъуэхэм. Ахэр нэхъ кууу «хэгъэпщIэн» хуейуэ кьыщIэкIыну кьЭуэтэныгъэ екIуэкIым. ЩыпIэ-щIэхэр фIыуэ хэгъэзэгъащ, ауэ абыхэм ящыщ куэдыр нобэрейхэм я фIэщыгъэщ. Абы хэми яхуэсакъыпхъэщ.

Мы зи гугъу тщIа ныкьусаныгъэхэр гъэзэжIуэжыгъуейкъым икIи абыхэм лэжьыгъэм и мыхьэнэр зыкIи ягъэлъахьэщэркъым. Дэ лъэпкым мыр хуэтщIащ, мор хуэдлэжьащ жаIэу утыку кьихьэрейхэм ящымыщу инженер-ухуакIуэ Ахьмэт МуIзед и гуащIэм кьыдэкIащ адыгэ щIэблэр кьыщыхэпIа лъэпкым и тхыдэм куууэ езыгъэгупсысын тхылъ - «Адыгэ амазонкэхэр» зи фIэщыгъэр.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,
критик, публицист.



Адыгэ нэрыбгейхэр.
Сурэтыр СЕРГIЕНКЭ Алексей ищIащ. *1995 гъэ*

● Ди хьэщIэщым

ГукIи псэкIи зэпыщIа лъэпкъхэр

Дыгъуасэ «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым абхъаз тхакIуэ, филологие щIэныгъэ хэм я доктор Хагбэ Лиин зыхэта зэпущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Ар кьыззригъэпэщащ Абхъазым щыззэуахэм я зэгухьэныгъэм. ЗэпущIэм хэтащ Бэдыгэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и и кьудэзэхэу Т хьэмокьуэ Барэсбийрэ Щоджэн Риммэрэ. Абхъазым щыззэуахэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэтхэр, «Шэрджэс Конгресс» жьыгаГъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Кэзш Руслан, кьуэш республикэм и щхьэхуитныгъэм пащIэ зи псэр зыта адыгэ щIалэхэм я анэхэр, журналистхэр.

ЗэIущIэр кьыззэIунхащ Абхъазым щыззэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Бекьшокьуэ Алексей. Абы кьипсэлъам кьыхэщащ 1992 - 1993 гъэхэм Абхъаз Республикэм кьыщыхьуа Iуэхугъуэр езы абхъазхэми адыгэхэми я тхыдэм зэхуэдэу хэухуэна зэрыхъуар, кьуэшхэм якъуэувэныр я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытар. АдэкIэ кьыззэхсахэм абы нэхъ гъунэгъуу яригъэщIыхуащ Хагбэ Лиин.

Лиин мы зэманым Гуманитар кьэухтэныгъэхэмкIэ Абхъаз институтым и кьудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу. Зауэр щекIуэкIа лъэхъэнэм ар Гудаутэ кьалэм щыIа оперативнэ штабым и пресс-Iуэ хущIапсэм и лэжьакIуэу щытащ, абы кьыхэкIыуи фIыуэ щыгъуазэт Кавказ Ищхъэрэм икIыу Абхъазым и щхьэхуитныгъэм щIэбзиную кIуа щIалэхэм я Iуэхущафэ хэр зыхуэдэм. Зауэр кьыхэкIыху, Хагбэ Лиин зы махуэ нбгьнакъым и республикэр, атIэ ди щIалэхэм сыткIи дэIэпыкьуэгъу яхуэхьуу яхэтащ, Iущыжьа Абхъаз зауэм хэкIуэда ди щIалэхэм ятеуха -Их души тают над горами.... тхылъыр. Тыншкъым дунейм темытыжьым утетхыкьынар. А тхылъым ихуа дэтхэнэ зы лIыхужьхэри и нэмасэу щытащ (Лиин. Ар Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьакIуэри абыхэм я унагъуэхэм щыIащ, зи бын зыфIэкIуэда анэхэм я гуаузэ ядиныгъащ.

Хагбэ Лиин апхуэдэ зэIущIэ гуапэ кьыхуэззэшIэпащхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи зауэр кьыщыхьея ятэ махуэхэм щыщIэдзауэ Iэщэ яIыгъыу абыхэм кьабгъурыува ди щIалэхэм, апхуэдэ лIыхужьхэр кьэззыпхуа, зыгъэса, щыкIуэдынкIэ хьуну мафIэ ныгъэм зыпхъыхьхэр ящIэу зи бынэр хэр зыхуIыща адэ-анэхэм я щхьэр зэрахунтэщхьыр жиIащ.

- Си лъэпкым кьытепсыха гуэзвэгъуэр сэ узыфэу кьызспкъырыхьащ икIи абы сытемыпсэпльхьу сэуащ1ынукъым, - пищащ адэкIэ Лиин. - Зауэр кьыщIэхъеяр щхьэусыгъэр псоми ящIэ - куржьхэр кьыттеуэныи куэд иIэу а псалъэмакъэхэр кьежьат. Абы щыгъуэм адыгэ щIалэхэм Куржьм и кьэралыкъуэ щIэхъэм зыхуаГъасаэуэ щытащ, зыми и зэран зезымыхуэ абхъаз лъэпкъ щIыкIум темыгушхуэну, зыгуэр кьэхъу хъужьыкIыжьэ, зэрыхъэ и щхьэхуитныгъэм папщIэ адыгэхэм Iэщэ кьащтэну зэрыхьэзырыр жаIэу. Адыгэ лъэпкым теухуа хьыбар япэу сэ щхьэхсхам 6-нэ класым сыкIуэу арат. Иджьпсту хуэдэу сощIэж си адэшхэм абы щигъуэм жиIа псалъэхэр: -Адыгэхэр абхъазхэм ди кьуэш лъэпкыщ. Зегуэр дэ псори дызэкьуэту, зы бзэ диIэу дыпсэуащ, нужькIэ, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдзэм кьыхэкIыу, дыхъащ. Абаззэхэмрэ адыгэхэмрэ ящыщ гъащIэм ущрихьэлIэмэ, пхъум, щыпхъум, анэм хуэдэу яхущIат, езыхэми апхуэдэущ укьыззэрыгъэтэнур». Абы и псалъэхэр сигу кьыгъэкIыжащ зауэр кьыщIыхьеят япэ махуэхэм ди деж нэса ф щIалэхэм.

ТекIуэныгъэр нухьыхькIэ дэ ахэр кьыткъэтащ, кьэкIуэжу я унагъэр яГъагъуну кьаеIэткIэ, уеблэмэ ари кьытхуамыдэу. Дэтхэнэ зыми кьиныытэрт зауэ Iэнатlэм кьыззэрыIуякIу, и щхьэм хуимыгъэгъужьыжьыр мыгъуагъэ гуэр кьэхьну. Нобэ А бхъазым щыIэ щытыкIэм и гугъу ящIыжьэ, псори тэмэму зэтеублэжа хъуащ, жьипIэныр щхьэгъэпщIэжщ. Куржьр иджыри хущIокъу сыт хуэдэ Iэмалри кьигъэсбэзэн, и унафэм дызэрыщIигъэувэным. Ауэ ар зэи кьэхъужьныкъым: Кур жьым дэ гъунэгъуфIу дыкьущытыну дыхьэзырщ, Абхъазыр зэрыщыкьэхуитныгъэ еуфащIэм.

Ди щIалэхэм я лIыхъужьыгъэр кьызызэщIыж тхыдэ мыхьэнэ зиI э тхылъ купщIафIэ и Iэдакъэм кьызэрыщIэкIамкIэ хьэщIэм фIыщIэ хуищIащ икIи Абхъаз Республикэм мамырныгъэ, зэгурыIэныгъэ и лIыныр ехьэхъуэщ ЪкъэмокъуэБарэсбий.

Хагбэ Лиин и тхылъыр мыхьэнэшхэ ирату дэтхэнэми зэрихьэмэр, ар абыхэм губамПIэгъэтIысу зэраIэр кьыхэщащ Аб хъаз Республикэм и ЛIыхъужь, а лъэпкым и щхьэхуитныгъэм папщIэ зи псэр зыта Шорэ МуIзед и анэ Нусэ и псалъэхэм. «Дэ, анэхэр, дызызыхэр зыщ: ди кьуэкIэ зэрахьа лIыхъужьныгъэр ящымыгъупщынырщ. Дэ фи лъэпкым сытым дежи гукIи псэкIи дригъусэщ», - жиIащ Шорэ Нусэ.

- Мы тхылъым сыщриплъэм, абы и щIалэхэм я анэхэм ягъэнэхуа гуэвэгъуэр си псэм зыхищIащ, - жиIащ Щоджэн Риммэ. – ПсэкIи, гуГъуи кьиныытэжмкIэ зыщIэхьуныр пщIэу уи бын гъэгу тебгъэувэныр. Апхуэдэ лIыгъэ кьызыкьуэкIа анэхэм яхуэфащэу кьыщIэкIащ я кьуэхэри. Мыпхуэдэ тхылъхэр щIатхыжькIи тхъэм димыгъэтIагъукIэ.

- Мы зауэм теуха Iужьгуъуэхэр апхуэдизрэ кьыщIаIэтыр сыт, жызыIэхэри щыIэщ, - кьыхигъэщащ Абхъазым щыззэуахэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт Шорэ Анзор псалъэ щратым. - Абы кьикIыкIрыхьа ди зыгуэрхэр зауэм кьыхуедджэу. А Iуэ хугъуэм нэхърэ нэхъ щынагъуэ зыри щыIэкъым. Ауэ кьыхэззгъащIуну сыхуейт: апхуэдэ гуэвэгъуэхэр кьыщIахъуэ дежщ лъэпкыр е, кьапщтэмэ, щыху щхьэхуэр зыхуэдэр кьыщIыщIэр. Дэ ди лъэпкым зыщIыкIащ я адэжьхэм я фэепIыр зымыгъуэпIни лIыгъэр зэпыхуГъэр. Дэ диIэщ ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуажьи тхыдэ кьулей, екъулIэныгъэ инхэр икIи адэкIэ ахэр едгъэфIакIуэу, ди кьуэш лъэпкъым сыткIи дакьуэувэфу дыщытыну си гуапэ.

А махуэм яIэ дыдэу утыку кьрахьащ Абхъазым ТекIуэныгъэр кьыщащхьам ди щIалэхэм яIыгъа адыгэ бэракъыр, фочышэм пхиудаэу.

- -Псэм и пэ - напэр- кьыхуежьныгъэм щIэту ди кьэш лъэпкъым и щхьэ хунтыныгъэм щIэзэуа, абы папщIэ зи псэр зыта ди щIалэхэм я лIыгъэр дымыгъэкIуэдыныр ди кьаэн нэхъыщхьэр, - жиIащ Бекьшокьуэ Алек сей. - Абыхэм я лIыхъужьыгъэр зыхуэдэм теухуа тхылъ кьыдэзыгъэкIа Хагбэ Лиин фIыщIэшхэ хуэдэщ.

Абхъазым щыззэуахэм я зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъымрэ я ахъшэ саугъэтрэ Бекьшокьуэм иритащ ди щIалэхэм я фэепIым пщIэ гъаГэ хуэзыщIа Хагбэ Лиин.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ

Сурэтэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Ар пэжщ

Сыт щыуагъэхэм яхузэфІэкІыр?

Хэку зауэшхуэм и зэманым хахуагъ ин кынгъэльагъуэу фашист зэрыпхъакІуэхэм еэзуа белорус партизанхэм ящыщ Чуклай Иван. Абы бийэм я бронемафІэгур икуэтащ, и командирыр уІэгъэ хьэлъэ хьуауэ зэуанІэ губгъуэм кьрихьыжащ, отр ядым и комиссарыр кьрифІэлъу, ЛІыхьужьыгъэ зэрихьауэ еэзыр зэхэуэм зэкІуэдащ. ЛІыхьужьыгъэ кынгъэпъэть уаэхэм папщІэ, абы и щІэр отрядым фІэащат. ауэ абы и ГъусэУ зэуа псоми тельыджэ ящыхьуат орден зратаэхэм ар зэрахъмьІыр. Зауэр нуха нэужь, а Іуэхур зэхагъэкІыну хуежьащ Іэщ1агъэлІэр. Иван къыдэзэуахэм ящыщ зым зы зэман гу лъитащ ар ден зратаэхэм Гуклай унэцІэ зэрыхэтым, а унэцІэр зэрихьэу белорус партизанхэм зы щыхэ ягхэтакъым. Арати, зэхагъэкІыу щІадзэри, лІыгъэ зэрахьАм папщІэ дамыгъэ кьратыну къщІагъэльагъуэ списхэм машинистхэр щыуэри, «Чи»-м и пэкІэ «Г» тридзауэ къыщІэкІащ. Сытми, ильэс бжыгъэ дэкІуэу, Чуклай Иван зэрихьа лІыхьужьыгъэхэм папщІэ къыхуагъэфэща орденри жьы хьуа и анэм иратыжри, пенси хуагъэувыжащ.

* * *

1943 гъэм ди зауэлІэр Днепр щызэпрыкІым тІасхъэщІэх взводым и командир Сябро Николай лІыгъэшхуэ зэрихьащ икІи абы къыхэкІыну Совет Союзым и ЛІыхьужь цІэр къыфІащыну кьагъэльэгъуауэ щытащ. Ауэ телегрифистыр щыуэщ, лІыхьужьым и цІэмрэ и унэцІэмрэ гъэкІэщІауэ эзпыту иритри, указыр кьызэрыдэкІар Сяброник и цІэкІэщ. Ильэс кУэд дэкІын хуей хуэщ Іуэхур зэхагъэкІыну Сябро Николай Совет Союзым и ЛІыхьужь цІэр къыфІащыжынпащІэ.

* * *

Те хас щыщу Іэщышхуэ зиІэ лІы гъэрым Іэщышхэ гуп кьишэхуати, Монтегю кьалэм телеграммэ иритыкІащ и дэЕпыкъуэгъур шыхэмрэ Шепрэ (арат фІыуэ илъагъу и хьэм зэредкІэр) и гъусэу сІанцым кьыщыІущІэну. Телеграфистым «Shep» псалъэм и пІэкІэ, «sheep» (мэлхэр) псалъэр итхащ.

ДэЕпыкъуэгъу жьыІэдаІуэм и унафэщым ныхэкъуигъэхьар игъэззэщІащ - щыхэмрэ мэл мини 5-мрэ кьызэщІикъуэри, бгъылъэ гъуэгу мили 125-рэ зэпичащ. Станцым нэсыху щынэ 1500-рэ фІэлІащ щІалэм.

Псалъэзэблэдз

Екъуэжьыу: **1.** Мэкъуауэ Іэмэпсымэ. **8.** Хадэхэкі. **9.** Куп1э кІыхь зиІэ удз. Яшх. **13.** Дин лэжьаКІуэ. **14.** «Хъуэзанэ щабэ дыдэм къыщІэкІ хуэдэ, ... сыхьэр кьурипхъыхырт» - КІэрашэ Тембот и тхыгъэм щыщ. **15.** Къэбэрдей композитор. **16.** Мывэ блын задэ, лъагэ. **17.** Іэзэ у бадзэ къэзыубыд хьэпшх упщ. **18.** Гъавэгъэкі, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь. **19.** Нарт Шэуей и адэр. **20** Бдзэжьей зэрещэ. **21.** Ахьшэ. **23.** Жыг къэтІэпІам и нэщэнэ. **27.** Нарт лІыхьужь. **28.** Хьэжьуцыкъум щыщ. **31.** Бын. **32.** Пасэрей Іэщ1э. АбыкІэ ириэзеиуэу спорт лІэужьыгъуэ ди зэманми щыІэщ. **33.** У зэрэджьІакІуэ Іэ9эу щыта, Къэбэрдей-Балькъэрым щыхь зиІэ и артист. **35.** Іэщ1ж я тхъэ. **37.** Джэшым хуэдэу жылэ къызыпыкІэ жыг. **38.** Псы щта. **39.** ГъукІэм и лъэщапІэ. **41.** Унагъуэ псэущхьэ. **42.** ДждыжьІэ ... **43.** Ялэ нт адрейхэм кьахэжаныкІ. **46.** ШынэгъуафІэ. **47.** Хьилэщы, щІэкІыпІэ куэд зыщІэ. **49.** Кьыщокъуэ Алим и усэ нэхь щІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ.

Кьехьу: **1.** Гъэшхэкі. **2.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цыкІу. **3.** Щыгъын. **4.** КъБР-м щыщ район. **5.** Хьэкъуащкъум щыщ. **6.** Ди республикэм щыІэ псыежэх. **7.** Мывэгъэзэ, ерыщ. **10** Штаучкі1э ягъауэ пасэрей фоч. **11.** Ныбапхъэм кІуэцІыпу ящІ адыгэ щхьІ ныгъуэ. **12.** Кьарууфэ. Е щхьхь пІащэ. **20.** ЯфІэгуэныхьх хьу цІыхуэм зэредкІэ псалъэ. **21.** Уэздыкьнэшхуэ. **22** Зи нэхэм фІыуэ ямыльагъу. **24.** Псым и Іуфитыр зэпызыщІэ. **25.** ГъэІуэшыхьхэм е кьаэхьхьум я бгъэм зет. **26.** Іэщ гуп. **29.** Ин дыдэ. **30.** КьурІэн цІыкІу. **34.** Набдзэ ... **36.** Адыгей Республикэм и президенту щыта. **37.** ПщафІэ щыгъын. **38.** «Уэзы ...» - адыгэ уэрэдыжь. **40.** Махуэщ1э. **44.** Нэхьапэм адыгэм я унашхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **45.** Шыуанышхуэ. **48.** Мынт-мыщІыкІу, кІурыт.

ЭхэзэшІыхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Накьыгъэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екъуэжьыу. **5.** Щыуэ. **7.** Пабжьэ. **9.** Баш. **11.** ШэфтаІ. **12.** Уэрэдж. **13** Пщыпхъу. **15** Тхъурыжь. **17.** Сабын. **18.** Пщалъэ. **20** Мыкъужь. **22.** Десгэ. **25** Гъупщ. **26.** Мурад. **27.** Мысыр. **28.** Пхъы. **32.** ХьэмкІэ. **34.** Нэхей. **36** Астъэн. **37.** Кьургъакъ. **40.** Хьэкъут. **41.** Емышэ. **42.** Ашэмэз. **43.** Гъажалъэ. **47.** ХьупІэ. **48.** Бжьэхуц. **49** Псапэ.

Кьехьу: **1.** Чынт. **2.** Хьаужь. **3.** Сату. **4.** Бжьиз. **6** Бэдынокъуэ. **8.** Іэпэхуалъэ. **10.** Жьэрыкуей. **13.** Пэ. **14.** Хьэм. **16.** Жьей. **17.** Сом. **19.** Щыпкъэ. **20.** Медан. **21.** Жьэмей. **23.** Ауэ. **24.** Пщ. **29.** ШкІэрышэ. **30.** ТхъулъмпІэ. **31.** Псыгъакъ. **33** Макъ. **36.** Щыхь. **38** Яе. **39.** КІэ. **43.** Мажьэ. **44.** Захуэ. **45.** Гъасэ. **46.** Жэпкъ.

● Гъэщ1эгъуэнщ

Псори зэгурызыгъаІуэ Іэмэпсымэ

ГЪЭЩІЭГЪУЭНРАЩІ, мы дунейм псэ зыІут тету къыщІэкІынкъым зи бзэ зимыІэж. Псэ зыІутхэм я бзэр илъэс мин бжыгъэкІэ зрагъэгъуэтащ, зрагъэужьащ.

Къэтщтэнщ, псалъэм папщІэ, хъумпІэщІэджхэр. Ахэр нафщ. АтІэми хъумпІэ-цІэджхэр тыншу зэгуроІуэ, я Іуэху благъэкІыркъым. КьызэрыщІэкІымкІэ абыхэм езыхэм я бзэ ящІэ - мэхэм я «бзэ». ХъумпІэщІэджым, псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, хьэпІащІэ ІаІа кьиГуэтамэ, ар гъуэм зэрыкІуэж гъуэгум ферономкІэ зэдэж кьествор трелъхьэ. Ферономым ищІ мэмкІэ адрей хъумпІэ-цІэджхэм щыуагъэншэу зэхпІащІэ ІІар кьагъуэт. Шхыныр нэхъыбэхукІэ, гъуэгум кьытранэ ферономым ищІ мэри нэхъ гуащІэщ.

«Бзэ» гъэщІэгъуэн ящІ бжьэхэмэ. Ахэр кьафэкІэ зэгуроІуэ. Бжьэм фо кьрасыпихьн гъэгъа куэд здэщІыІэ щІыпІэ кьиГуэтамэ, матэм дохьэжри абы дэсхэм кьафэкІэ кьагъуегъаІуэ кьиГъэтэр здыкуэзэр, абы фоуэ къыпхуихьнур зыхуэдизыр. Мыдрейсми заІэтри, а щІыпІэр щыуагъэншэу кьагъуэт.

ХьэкІэжъуэкІэхэм, псэущхьэхэм я дежкІэ укъэІэбэмэ, абыхэми я «бзэр» илъэс зыбжанэ хъуауэ ядж. Кьапщтэмэ, пылхэр зэгурызыгъаІуэ макъ гъэІукІэ лІэужьыгъуэу 22-рэ кьахутащ. Макъ гъэІукІэ къэс мыхьэнэ щхьэхуэ иІэщ: зым псафэ кІуэну къыхуреджэ, зым хьэкІэжъуэкІэ щІынагъуэ гъэнэгъу къызэрыхъуамкІэ хъыбар и гъусэхэм ярегъащІэ, зым зауэм хуреджэ, нэгъуэщІхэри.

Пылхэм яйм нэхърэ зыкІи нэхъ кьулейсыгъэкъым дыдэ гъэмыхъэмрэ я кьуэпІащэхэмрэ я «бзэри».

Номинхэр бзэкІэ нэхъ хуэщІащ. КьызэрахутамкІэ, абыхэм иризэгуроІуэу макъ гъэІукІэ зэмылІэужьыгъуэу 54-рэ яІэщ.

ЖыпІэнрамэ, псэ зыІут псоми езыхэм я бзэ яІэжщ, ауэ абыхэм куэдкІэ ящхьэщцкІащ цІыхуэр. Абы псалъэ мин бжыгъэхэр кьигъэсэбэп къудейкъым, атІэ гупсысэкІи ещІэ.

Бзэр - цІыхухэм я гупсысэкІэ зэрызэхъуажэ, зэрызэгуроІуэ Іэмэпсымэ гъуэзэджэщ. ЦІыху къэс и гъащІэр куэдкІэ елытащ и бзэмрэ гупсысэмрэ зэригъэлажьэм, псалъэр кьызэрыгуроІуэм, абы пщІэ зэрыхуищІым.

Псалъэм хуэзфІэмыкІын щІэкъым. Абы и лъэныкъуэкІи гъэщІэгъуэнщ пасэрей алыдж тхакІуэ цІэрыІуэ Этэп теухуауэ ди зэманым кьэса хьэбарыр. ЦІэоп философ Ксанф и пщыпІу щытащ. АтІэ, зэгуэрым Ксанф хьэщІэ гуп кьригъэблагъэрти, Этэп унафэ хуищІащ шхыныгъуэ нэхъыбІ дыдэр игъэхьэзырыну. Абы бзэгу зыкъом кьыщэхурт, шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуищ игъэхьэзыращ. Іэнэр кьыщиуухуэм, Ксанф абы еупщащ бзэгу фІэкІа щІахуимыхьым и щхьэусыгъуэмкІэ.

Сыт щхьэкІэ?, - жиІащ Этэп, - уэратэкъэ нэхъ Іэфі дыдэр зГъэхьэзырыну кьыщэзыІар? Бзэгум нэхърэ нэхъ Іэфі мы дунейм тетын! Бзэм и фІыщІэкІэ кьалэхэр яуху, лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм зауэкъ. Бзэм и фІыщІэкІэ щІэныгъэхэр ядж, щІыхуэр зэгуроІуэ, Іуэхугъуэ гъэрхэр зэфІагъэкІ, зэгуэр зэІэпах, лъагъуныгъэ зэрызэхуащІар зэхуаІуатэ, гуапагъэ зэжраІэ. Абы кьыхэкІыуи кьэлъытэн хуейщ бзэм, ар кьызыпыкІ бзэгум нэхърэ нэхъыфІ щымыІэу».

Жыпіэнрамэ, псэ зыІут псоми езыхэм я бзэ яІэжщ, ауэ абыхэм куэдкІэ ящхьэщцкІащ цІыхуэр. Абы псалъэ мин бжыгъэхэр кьигъэсэбэп дыдэу щыІэр игъэхьэзырыну. Этэп ар гуэгуэр бзэгу кьыщохъури ипщэфІащ. Ар псоми ГъэщІэгъуэн ящыхъащ икІи Ксанф ар гуэгуэр щІэщІыпІэ Этэп апхуэдэу щІищІамкІэ.

Ксанф Іуэхугъэ нэхъ Іей дыдэр зГъэхьэзырыну кьызэкІэпІатэкъэ? - жиІащ абы. - АтІэ бзэм нэхърэ нэхъ Іей сыт щыІэ? Бзэр кьаГъэсэбэпри, цІыхуэр зэфІонэ, зым адрейм и жагъуэ ещІ, пцІы яупс, кьызэрогъапІэ. Бзэм цІыхуэхр бий зэхуищІыфынуц, зауэ кьитГъэхьэфынуц, кьалэхэр, уеблэмэ къэралхэр зэтракъутэну унафэ ищІыфынущ. Бзэм гуІэгъуи гуэвэгъуи кьытхуэхь, абыкІэ дащэ, дагъэпуд. ЦІыхуэ хьуну-тІэ бзэм нэхърэ нэхъ Іей?

Хьыбарым зарыжиІэмкІэ, Этэп и жуэапыр кьрихьэлІаехэм ящыщ куэдым ягу ирихьакъым, я гуапэ хьуакъым.

Этэп и хьыбарым и етІуанэ Іыхьэм куэдкІэ поджэж урыс дзэзешэ цІэрыІуэ Суворовым теухуа хьыбарри.

Зэгуэр Суворовым кьриджащ зэрыпсэльэрейм кІэ цІэрыІуэ хьуауэ зы офицер. Офицерыр къызэрыщІыхьэу, Суворовым бжэм Іуэкіыбзэ иритащ икІи, щхьу дыдэ гуэр иІуатэм хуэдэу, офицерым жриащ абы бий бзаджэ зэриІэр, ар лъэбакъуэ кьэс зэран къызэрыхуэхьэр.

Офицерым фельдмаршалым зи гугъу ищІыр кьищІэн мурадкІэ, бийуэ кьиІытэу хьуар кьрибжэкІыу щІидзащ. Зыгуэрым и цІэ кьриІуэху, Суворовым «аракъым, аракъым» жиІэурэ и Іэр ищІырт.

Офицерым и бийуэ кьилъытэу хуэар кьебжэкІи щиухьим, Суворовыр къэтхэрэ, лъапэпцІийуэ, лъэмакъыншэу бжэм, щхьэгъубжэхэм бгъэдыхьэурэ дэІуащ, кьакІащІэдзІыхьІамэ кьищІэн хуэдэу. ИтІанэ офицерым бгъэдыхьэри, зыхуигъэзащ:

- Кьиздэт уи бзэгур!

Модрейм унафэр игъэзащІащ. Суворовым и Іэпэр офицерым и бзэгум хуиший-ри жиІащ:

- Мис ар... мис мыращ уи бий бзаджэ дыдэр!

Аращ, бзэм куэд хуэзфІокІ. ЦІыхуэр сыт щыгъуи егупсысыкІ хуейщ жиІэм, зыжриІэм, щІыжриІэм, щыжиІэ зэманым, зэрыжиІэ щІыкІэм. Арыншамэ, псалъэр нэгъуэщІ мыхьэнэ кьикІыу ІуикІэ хуэчуэ и ныдэ и мадэр имыГъэзэщІауэ кьэнэнущ.

ШЫПШ Даянэ.

● Урысейм и телъыджибл



Іуащхьэмахуэ текІуэн папщІэ Іэ доЕт!

Іуащхьэмахуэ аргуэру яхэувжащ «Урысейм и телъыджу бгы» зэпеуэм щыпашэхэм. Ар и щыхьэтщ зэкъуэтыныгъэм сытым дежи фІы къызэрырикІуэм.

Республикэм и цІыхухэр жьыдэжу хэтщ ди щыгу хьэлэмэтыр. Урысейпсо зэпеуэм щыпхыгъэхьанымэ. Ауэ хьэнэжа махуи 4-м а текІуэныгъэм нэхъри нэхъ ерыщу дыхущІэмыкъуу хъунукъым, Абы пащІэ зэпщІэхауэ е запэтойкІэ зэпщІэгъэщхьэхуАІауэ фэ кьыхэфха тельыджйблым я номерхэр, псалъэм пащІэ, 1, 9, 47, 33, 22, 45, 12 номерхэр, къэвгъэлъагъуэ икІи СМС-хьыбарыр 4563 номерымкІэ евгъхь. СМС-хьыбарым и уасэр сомы 8-ращ.

Зэпеуэм и финалым кІуахэмрэ абыхэм я СМС номерхэмрэ:

Іуащхьэмахуэ бгыр - 47, Гейзерхэм я псыхъуэр - 1, Байкал гуэлыр - 9, Новосибирск и зоопаркыр - 10, «Столбы» заповедникыр - 12, Тобольск и кремлыр - 15, Кунгур бгъуэщІагъыр - 22, Новгород Индхъэрэ кьалэм и кремлыр - 24, Петергоф - 29, Кирилло-Белозерскэ кьуэлыпІафыр - 33, Манылупунер кьурш дапхъэм и мывэ пкъохэр - 34, Блаженный Василий и члИср - 38, «Вовнушки» чэщанэр - 43, Мамай Іуащхьэмрэ Хэку-Анэм и фэепльымрэ - 45.

ІэІэтыр мэкъуаэгъуэм и 10-м шэджагъуэм еух. Абы кьрикІуахэр щыжаІэнущ мэкъуаэгъуэм и 12-м Урысейм и махуэр щагъэлъапІэкІэ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

● Ф9 фщІэрэ?

Хадэхэкіхэр узыншагъэм и зы Іыхьэщ

Хадэхэкі зэхуэмыдэхэмкІэ кьулейуэ жьпІэ хъунукъым ди тыкуэнхэмрэ бззэрэмрэ: къэбыстэ, пхъы, жэгундэ, бжьын, бжьныкуэ, нэгъуэщІ лІэужьыгъуэ зыжьбжанэ щІыгъужу аращ яущэр. Абы щыгъуэми хамэ къэралхэм хадэхэкІ зэмылІэужьыгъуэу 600-м щІигъу кьыщагъэкІ. Кьабыстэ кьудейр кьащти, лІэужьыгъуэ 250-рэ щыІэщ, Пэжщ, ди тыкуэнхэм щыдоГъагъу абыхэм ящыщ гуэр хэр, ауэ унэгуащэм ямыщІыхуэр Іэджэщ, зи гъусэу япщэфынур щамыщІэ щыІэщ. Ахэр зэрыдмыщІыхуэм щыхьэт токъуэ хадэхэкІэр тельхьэпІэхэм тельу зэрыгъуэлэжьыр.

Хадэхэкіыр щытшхІэ деГупсысыкІркъым, абыхэм сэбэпынагъыу ди Іэпхъэпъэткъым кьыхуахьым. ХадэхэкІэм Іэпхъпъэпкъыр яГъэжану, уэ зэхуэмыдэ хэм хущхъуэ яхуэхъуу ижь-ижьыжь гъандэрэ кьаГъытэ. Шхыныгъуэхэм ящыщу нэхьащІхьэ дыдэр кьэжІыгъэхэрщ, хадэхэкІхэрщ, жьпІэмэ ущыуэнукъым, уеблэмэ, ящытын хуейм щыщІэупщІэм, ЕгъэджакІуэм жиІащ:

Унагъуэм ис лІым псалъэм Іуэху хельагъуэу, жиІэри Іэмал имыІэу егъэзащІэ.

* * *

Гупсысэ зыщІэмылъ щІэныгъэр купщІэнэзщ, щІэныгъэ зыщІыкІыгъу гупсысэрэ шынагъуэщ.

* * *

Нэхъыщхьэр пэжым утетынырщ; уэ пхуэмыфащэр ныбжьэгъу умыщІынырщ; уи щыуагъэхэр зэбгъэзэхуэжьыным ущымыщтэнырщ.

* * *

ЗыщІэм шэч кьытрихьэркъым.

Цыхугъэ зыхэлъыр пІейтейркъым.

КъарууфІэр шынэркъым.

* * *

Зэн зызымыхьэжыр Іущыгъэ лъагэмрэ акъылышагъэ инымрэщ.

* * *

Зэбгъэзэхуэж мыхьэу щыуагъэращ щыуагъэр.

* * *

Нэхъапэм цІыхухэр щІеджэр я щхьэм нэхъыбэ ильын папщІэт, иджы нэгъуэщІхэм ягу зрагъэхьын щхьэкІэщ.

● Хъуэхъуэр

Тэрч куейм хьхьэ Инарыкъуей къуажэм щыпсэу Щомахуэ Иринэ Хьэрэт и пхъор кьыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу

ФІыуэ тлъагъу ди пщащэм уи махуэ лъапІэмкІэ дыноХъуэхъу! Уи дунейр дахэрэ узынщагъэр уиІэу, гъащІэм гу щыпхэну ди гуапэщ. Лъагъуныгъэрэ фІыгъэхІэ гъэщІа цІыхубз насыпкІэ Тхъэр кьыпхуэпсэ, Иринэ!

Уи адэ Хьэрэт, уи анэ Лизэ, уи ныпхъуэху Жанэ, Радинэ, Каринэ, Залинэ, уи малъхъэху Хьэжбийрэ Таймуразрэ, уи ныпхъу бын цІыкІуэу Іэсиятрэ Астемырр.

Мэкъуауэгъуэм и 8-р Лэскэн районым щыпсэу Анзорей кьуажэм щыпсэу Мэкъуауэ Динарэ Арсен и пхъор кьыщалъхуа махуэщ

Си гум, си псэм ехуэ-былІэу дэрэжэгъуэ кьыс-хэзыльхьэ си пщащэ цІыкІум уи кьэкІэупу дахэу, уи насыпыгъэу, узынщагъэ уиІэу, уи пщІэр лъагэрэ уи псэр кьабзэу, уи нэхъыжьхьэр уэркІэ гушхуэу ГъащІэ дахэ епхьэкІыну сынохьэуэхьу!

Уи анэшхуэ Розэ.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Конфуций и Іущыгъэхэр

И адэр псэуху и ІуэхущІафэхэм кІэльыплъ, дунейм ехьижа нэужьи ар зыльытэ, абы и псэукІар илъэс зыбжанэкІэ гъуэзэ зыщІ цІыхуэм адэ-анэм пщІэшхуэ зэрахуищІу щытар щэчыншэщ.

* * *

ЦІыхуэхэм укъыззэрамыцІыхум уримыпэщхьэт, ауэ уэ ахэр зэрумыцІыхум иригузавэ.

* * *

Цэыю кьуэм ищІын хуей пщІэр зихуэдэм щыщІэупщІэм, ЕгъэджакІуэм жиІащ:

Иджыпсту кьуэм ищІ пщІэр кьыззэральытэр адэ-анэр зыхуей зэрыкуигъаззэрпІ. Ауэ псэущхьэхэри зыхуей хуэззу япІ цІыхуэхэм. Сытми зэращхьэщыкІрэ а тІур, адэ-анэм пщІэ хуумыщІмэ?

* * *

Жьыр щымыгъупщэу щІэм хуеІэ цІыхуэр егъэджакІуэ хьуфынущ.

* * *

Цэыгун щхьэгъуэсфІыр зэрыщытын хуеІм щыщІэупщІэм, ЕгъэджакІуэм жиІащ:

Унагъуэм ис лІым псалъэм Іуэху хельагъуэу, жиІэри Іэмал имыІэу егъэзащІэ.

* * *

Гупсысэ зыщІэмылъ щІэныгъэр купщІэнэзщ, щІэныгъэ зыщІыкІыгъу гупсысэрэ шынагъуэщ.

* * *

Нэхъыщхьэр пэжым утетынырщ; уэ пхуэмыфащэр ныбжьэгъу умыщІынырщ; уи щыуагъэхэр зэбгъэзэхуэжьыным ущымыщтэнырщ.

* * *

Зыщ1эм шэч кьытрихьэркъым.

Цыхугъэ зыхэлъыр пІейтейркъым.

КъарууфІэр шынэркъым.

* * *

Зэн зызымыхьэжыр Іущыгъэ лъагэмрэ акъылышагъэ инымрэщ.

* * *

Зэбгъэзэхуэж мыхьэу щыуагъэращ щыуагъэр.

* * *

Нэхъапэм цІыхухэр щІеджэр я щхьэм нэхъыбэ ильын папщІэт, иджы нэгъуэщІхэм ягу зрагъэхьын щхьэкІэщ.

● Шхыныгъуэхэр

Плов

Лыр Іыхьэ-Іыхьэу боупщІат э, бжьынр хьуреЙ пІащІэу зэтыбогъэж, пхъыр псыгъуэу боупщІатэ, прунжьыр богъэхьабзэ. Шыгуныи кьыхэщІыкІа щыуанымі псы грамм 250-300 хуэдиз ибокІэри, апхуэдиз дыдэ мэльщэ хьольхьэ. Ар мафІэ хуэмыш тету ткІуа нэужь, сэхуран дагъэ тІэкІу хьібокІэри, мафІэр нэхъ ин кьыбоцІыкІ. Абы бжьыр хьольхьэри, дыщафэ хьуху богъэльыбжьэ, итІанэ лыр гъуэсэ хубощІри, богъажьэ.

Лым и щхьэм пхъымрэ бжьыныхымрэ тыбогъэльалъэри, псы стэкани 3-4 хьібокІэри, дакьикъэ 20-25-кІэ мафІэ хуэмыш тету, зэІуымыщІуэ кьыбогъавэ. АпщІондэху прунжьр щыгъу тІэкІу зыхэль псы хуабжкІэ щэ-пІлэ ботхьэщІ. Ар щыуаным ибокІутэ, прунжьр сантиметр 1,5-2-кІэ щІигъаІнэу псы щІыбокІэжри, и щхьэр тыбоПІэ. Прунжьм и щхьэм тет пІыр щІэвэщІа нэужь, мафІэ хуэм дыдэм тету, иджыри дакьикъэ 25-кІэ богъавэ.

● ХъыбарегъащІэ

«Хьэтхэр» ансамблым зыхъеГъэлъагъуэ

«Хьэтхэр» ансамблым и лэжьыгъэщІэ, «Уей-уей, хьэтхэ» зыфІащар, Профсоюзхэм щІихабзэмкІэ я унэм («Эльбрус» кинотеатрым) щагъэльэгъуэнущ. Кьафэм кьинэмыщІауэ, абы ансамблым игъэщІэу щыІэнущ цІыхубз эрэдж, уи насыпыгъэу, узынщагъэ уиІэу, уи пщІэр лъагэрэ уи псэр кьабзэу, уи нэхъыжьхьэр уэркІэ гушхуэу ГъащІэ дахэ епхьэкІыну сынохьэуэхьу!

Уи анэшхуэ Розэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакІуэхэр ФІэХІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и Кьэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ фондым и унафэщІ **Кьанокъуэ Аслъэнбэч Альберт и къуэм** хуогуэкІэ абы и адэ **Кьанокъуэ Альберт Мухьэжар и къуэр** зэрыЛам кьыхэкІыу.

НапэкіуэцІыр зыгъэхьэзыр НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэКІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Маринэ, Іьостэм Муэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР



360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ цыІэ уэрам, 5, еБгъуэанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМ ЗХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхугъащ1эхэм ядолжэжьнымкІэ - 42-60-53; хьыбарщІэхэмкІэ, спортымрэ пасьмохэмкІэ - 42-22-88; ерыджэнигъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщІихьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм и эу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ

зэнкъу щыгъкыми.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынкІэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федералькІэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щІыпмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьудокІ.

КъБР-м ЩэнхабзэмрэхьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэр зезыхь и полиграфомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыуэм елъэкьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокъуэ Эльдэ, редактору ЖьэКІэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инэ (1,2,4-ну нан.), Дышэкі Соня (3,4-нэ нан.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу Иуан Заирэ. КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ: Ныр Саидэ, ЩакІуэ Мадинэ, сурэттыщІ Къарей Элинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатім щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн кьуейр щыІэ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.008●Заказ №1921